

*CFTC kont Alexandre ak EminiFX, Inc.,  
Afè n° 22 Civ. 3822 (S.D.N.Y)*

# PYÈS 1

**Plan Distribisyon Administratè Sekès la pwopoze**  
*Si Tribunal la apwouve l sèlman*

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

**LAKOU DISTRI ETAZINI  
DISTRI SID NEW YORK**

COMMODITY FUTURES TRADING  
COMMISSION,

22 Civ. 3822 (VEC)

Demandè,

-kont-

EDDY ALEXANDRE ak  
EMINIFX, INC.,

Defandè.

**PLAN DISTRIBISYON SA A AP VALAB SÈLMAN SI TRIBINAL LA APWOUVE L. SE POU REZON SA A TOUJOU KA GEN GWO CHANJMAN KI FÈT LADAN L. LÈ TRIBINAL LA APWOUVE L, ADMINISTRATÈ SEKÈS LA GEN ENTANSYON DEPOZE YON VÈSYON PLAN DISTRIBISYON SA A KI MODIFYE, SAN AVI LEGAL SA A, EPI LI GEN ENTANSYON POTE NENPÒT LÒT CHANJMAN KI APWOPRIYE DEPI CHANJMAN SA YO PA DEPAMAN AVÈK APWOBASYON TRIBINAL LA BAY.**

**PLAN DISTRIBISYON ADMINISTRATÈ SEKÈS LA**

David A. Castleman  
OTTERBOURG P.C.  
230 Park Avenue  
New York, NY 10169  
Tel: (212) 661-9100  
*Administratè Sekès*

Jennifer S. Feeney  
William M. Moran  
James V. Drew  
OTTERBOURG P.C.  
230 Park Avenue  
New York, NY 10169  
Tel: (212) 661-9100  
*Avoka pou Administratè Sekès la*

Dat: 9 out 2024

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024**  
**SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

**LIS SIJÈ YO**

Paj

ENTWODIKSYON .....	1
ATIK I. DEFINISYON KI NAN PLAN AN AK RÈG ENTÈPRETASYON .....	2
A. Definisyon.....	2
B. Règ entèpretasyon.....	7
C. Dwa aplikab.....	8
D. Referans ki fêt ak montan yo .....	8
ATIK II. PWOSESIS REVANDIKASYON AN.....	8
A. Machasuiv pou Revandikasyon yo .....	8
B. Pwosesis egzamen Tranzaksyon Itilizatè yo.....	9
C. Pwosesis egzamen prèv Revandikasyon yo (Revandikasyon Moun ki pa Itilizatè) .....	10
ATIK III. KLASIFIKASYON AK TRETMAN REVANDIKASYON YO.....	10
A. Klasifikasyon Revandikasyon yo.....	10
B. Tretman Revandikasyon yo .....	10
1. Gwoup 1 – Revandikasyon Administratif .....	10
2. Gwoup 2 – Revandikasyon Fiskal .....	11
3. Gwoup 3 – Revandikasyon Itilizatè.....	11
4. Gwoup 3A – Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè .....	11
5. Gwoup 4 – Lòt Revandikasyon .....	12
6. Gwoup 5 – Revandikasyon Sibòdone.....	12
7. Gwoup 6 – Patisipasyon nan Kapital.....	12
ATIK IV. OTORIZASYON REVANDIKASYON YO AK EFÈ AKSYON LAJISTIS YO SOU OTORIZASYON REVANDIKASYON YO .....	13
A. Pwosesis otorizasyon Revandikasyon yo.....	13

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

B.	Esklizyon retou sou envestisman yo nan Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo.....	13
C.	Esklizyon bonis yo nan Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo.....	13
D.	Esklizyon transfè entèn yo nan Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo.....	14
E.	Absans otorizasyon pou Revandikasyon ki konteste yo .....	14
1.	Konsolidasyon potansyèl pou kont envestisè yo .....	14
2.	“Atant pou egzamen” tanporè ki gen rapò ak aksyon lajistik .....	14
3.	Demann Lajistik.....	15
4.	Posiblite pou sibòdone Revandikasyon envestisè yo.....	15
<b>ATIK V. PWOSESIS DISTRIBISYON AN .....</b>		<b>16</b>
A.	Rezime metodoloji marewot la .....	16
B.	Lè distribisyon yo fèt ak apwobasyon yo.....	17
C.	Fason distribisyon yo fèt.....	17
D.	Rezèv distribisyon.....	18
E.	Absans distribisyon ki obligatwa pou montan ki piti anpil yo.....	18
F.	Respè lwa ki aplikab yo .....	18
G.	Distribisyon ki fèt pou lòt moun .....	18
H.	Sa ki pou fèt ak byen pèsòn pa revandike yo.....	19
<b>ATIK VI. KOZ AKSYON POU ADMINISTRATÈ SEKÈS LA.....</b>		<b>19</b>
A.	Rezime metodoloji marewot la .....	19
B.	Revandikasyon potansyèl ak Koz Aksyon.....	19
C.	Desizyon Administratè Sekès la ka pran konsènan Koz Aksyon yo .....	20
D.	Tretman Ganyan Nèt yo resevwa.....	20
<b>ATIK VII. KESYON FISKAL .....</b>		<b>21</b>
A.	Revandikasyon Fiskal ki fèt anvan Sekès la pou gwoup 2 .....	21
B.	Revandikasyon Fiskal pou Fon Règleman Kalifye a ki fèt apre Sekès la pou gwoup 2.....	21

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

C. Keson fiskal pou envestisè yo.....	21
<b>ATIK VIII. DISPOZISYON DIVÈS .....</b>	<b>21</b>
A. Konpetans Tribunal la.....	21
B. Dat Plan Distribisyon an antre anvizè.....	22
C. Efè egzekitwa Plan Distribisyon an .....	22
D. Enjonksyon .....	22
E. Efè Òdonans Enjonksyon Preliminè pou Sekès la ap kontinye genyen.....	23
F. Divizibilite .....	23
G. Disolisyon EminiFX .....	23
H. Rapò pou Tribunal la ak revandikatè yo .....	23
I. Modifikasyon ki fèt nan Plan Distribisyon an .....	24
J. Notifikasyon.....	24
K. Aplikasyon pou jwenn yon òdonans pou fèmen Sekès la .....	24
L. Konsèvasyon dosye yo.....	24

## PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024 SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN

### ENTWODIKSYON

Plan Distribisyon sa a la pou reji pwosesis kote Administratè Sekès la pral distribye Byen ki anba Sekès yo bay revandikatè ki kalifye yo. Majorite nan yo se envestisè (sètadi Itilizatè) nan EminiFX yo ye.<sup>1</sup> Plan Distrbisyon sa a defini kondisyon pou envestisè EminiFX ak revandikatè yo kalifye pou yo resevwa distribisyon, fason distribisyon yo pral kalkile, lè distribisyon sa yo pral fèt, machasuiv yo pral itilize pou fè distribisyon yo, ak lòt eleman ki dekri nan dokiman sa a ankò:

**Revandikasyon ak klasifikasyon.** Yon revandikasyon yon envestisè fè gen ladan l envestisman li fè nan Sistèm EminiFX la sèlman, men li pa gen ladan l okenn benefis, enterè, bonis, transfè entèn oswa lòt montan ki menm jan ki nan Sistèm EminiFX la. Envestisè yo ki te depoze mwens pase \$1,000 nan Sistèm EminiFX la ap fè pati yon gwoup ki rele “gwoup pratik” la (“convenience class”). Moun sa yo pral resevwa yon sèl distribisyon nan yon pouvantaj ki pi wo pase premye distribisyon ki fèt pou lòt envestisè yo, men yo pa p resevwa okenn lòt distribisyon annapre. Epitou, Plan Distribisyon an pral tabli klasifikasyon ak priyorté Revandikasyon yo, san wete priyorté pou Revandikasyon Administratif yo ak Revandikasyon Fiskal yo, epi li pral defini jan sèten Revandikasyon sibòdone anba lòt Revandikasyon, selon rezulta aksyon ki fèt lajistis yo, si sa nesesè.

**Fason distribisyon yo kalkile.** Plan Distribisyon an pral itilize metòd yo rele “marewot” la (“*rising tide*”) pou kalkile distribisyon yo. Selon metòd sa a, yo kalkile yon distribisyon sou fòm yon pouvantaj (“marewot” la) sou envestisman total envestisè a te fè (depo yo) nan Sistèm EminiFX la, epi apre sa yo retire ni Retrè ki te Fèt anvan Sekès la ni lòt distribisyon ki te fèt apre sekès la li gentan resevwa yo. Sa vle di metòd sa a trete Retrè ki te Fèt anvan Sekès la menm jan li trete distribisyon ki te fèt apre Sekès la. Pou envestisè ki te depoze plis pase \$1,000 yo, Administratè Sekès la pral ogmante Pouvantaj Marewot la detanzantan ofiramezi tan ap pase epi li pral fè lòt distribisyon pou envestisè ki gen Revandikasyon ki Otorize. Envestisè yo ki te depoze mwens pase \$1,000 ap fè pati yon sou-gwoup ki apa yo “gwoup pratik” la (“convenience class”) epi yo pral resevwa yon sèl distribisyon ki pi wo (sou fòm yon pouvantaj Revandikasyon ki Otorize a) pase premye distribisyon ki fèt pou revandikatè ki gen Revandikasyon ki Otorize ki plis pase \$1,000 yo. Sepandan, Administratè Sekès la prevwa pou envestisè sa yo ki fè pati “gwoup pratik” la resevwa yon sèl distribisyon.

**Machasuiv ak lè distribisyon yo pral fèt.** Plan Distribisyon an defini machasuiv la ak lè distribisyon yo pral fèt pou envestisè yo. Objektif Administratè Sekès la se pou kòmanse premye distribisyon an pou envestisè EminiFX yo nan fen ane 2024 la ak nan ane 2025 la, epi pou kontinye distribisyon pou envestisè yo lè Tranzaksyon yo rezoud, ofiramezi gen lòt Byen ki anba Sekès ki vin disponib pou distribisyon an. Premye distribisyon an pral fèt pou envestisè ki gen Tranzaksyon ki verifye, depi Revandikasyon yo otorize anba Machasuiv pou Revandikasyon ki gentan apwouve yo anvan yon dat presi (depi yo pa kenbe Revandikasyon sa yo pou yo egzamine plis toujou). Apre yo fin rezoud yon Tranzaksyon ki te konteste pou yon envestisè, novo Revandikasyon ki Otorize yo ap pèmèt envestisè a resevwa menm pouvantaj distribisyon ak lòt envestisè ki klasifye menm jan avè l. Administratè Sekès la pral sèvi ak pwòp ijman biznis pa l la pou l kalkile premye pouvantaj “marewot” la ak distribisyon an. Li pral konsidere montan Kach total la ki nan Byen ki anba Sekès yo, mwens rezèv ki apwopriye yo pou

---

<sup>1</sup> Nan dokiman sa a, mo ki kòmanse ak yon lèt majiskil yo gen definisyon ki endike nan Atik I.A. Lè dokiman sa a mansyone yon “envestisè” oswa yon “envestisman”, se pou ede moun k ap fè lekti a konprann enfòmasyon yo pi byen men sa pa fèt nan objektif pou karakterize tranzaksyon yo selon lwa fiskal yo oswa lòt fason. Dokiman sa a itilize mo “envestisè” a nan menm sans ak mo “Itilizatè” a.

## PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024 SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN

Revandikasyon ki konteste yo, estimasyon pou Revandikasyon Fiskal yo ak Revandikasyon Administratif yo, ak nenpòt lòt rezèv ki apwopriye.

**Revandikasyon Lajistis, atant tanporè ak konpansasyon.** Plan Distribisyón an pral defini Koz Aksyon Administratè Sekès la kapab chwazi pou mennen moun lajistis ak fason li kapab rezoud Koz Aksyon sa yo, selon pwòp volonte li. Epitou, Plan Distribisyón an pral tabli machasuiv k ap pèmèt Administratè Sekès la idantifye Titilè Revandikasyon ki ka gen dwa pou jwenn yon distribisyón epi k ap pèmèt li mete distribisyón sa yo ann atant pandan yon peryòd tan (“atant pou egzamen”) pandan Administratè Sekès la fe rechèch pou detèmine si Administratè Sekès la ka gen yon Koz Aksyon afimatif kont Titilè Revandikasyon an oswa pou detèmine si Revandikasyon Titilè sa a ta dwe sibi yon sibòdinasyon, yon konsolidasyon oswa yon konpansasyon, nètale oswa an pati.

**Machasuiv siplemantè.** Plan Distribisyón an pral defini lòt machasuiv pou fe distribisyón pou envestisè yo, san wete sou fason pou jere revandikasyon envestisè ki mouri yo ak revandikasyon envestisè ki ka gen yon gaj sou byen yo, distribisyón pou montan ki piti anpil yo ak distribisyón yo retounen bay Administratè Sekès la poutèt yo pa t rive libre yo.

### ATIK I. DEFINISYON KI NAN PLAN AN AK RÈG ENTÈPRETASYON

#### A. Definisyon

“Revandikasyon administratif” vle di nenpòt Revandikasyon EminiFX ki fe konnen yon moun gen yon dwa priorité pou jwenn yon peman anba lwa ki aplikab yo nan kad administrasyon Byen ki anba Sekès yo oswa yon lòt fason poutèt dwa sa a parèt oswa yon konsidere dwa sa a parèt apre Dat Sekès la. Pou pèsòn pa gen dout, Revandikasyon Administratif yo gen ladan yo revandikasyon pwofesyonèl EminiFX yo fe pou yo jwenn reminerasyon yo.

“Alexandre” vle di Eddy Alexandre, ki se yon defandè nan Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo.

“Otorize” vle di, (i) pou nenpòt Revandikasyon Itilizatè oswa Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè, nenpòt Revandikasyon EminiFX ki pa baze sou okenn Tranzaksyon (kit se depo, kit se retrè) ki toujou konteste selon kondisyon Machasuiv pou Revandikasyon yo, epi (ii) pou tout lòt Revandikasyon EminiFX yo, nenpòt Revandikasyon EminiFX yo detèmine ki “otorize” selon kondisyon ki nan Machasuiv pou Revandikasyon yo oswa yo detèmine ki “otorize” anba yon Ódonans Final Tribunal sa a, nan montan ki otorize a, selon priyorite ak/oswa klasifikasyon yo detèmine a. San retire sa ki dekri anwo a, okenn Revandikasyon EminiFX, nètale oswa an pati, pa p Otorize depi li toujou nan faz “atant pou egzamen” an oswa depi li toujou anba yon Demann Lajistis selon sa ki dekri nan Atik IV.E.

“Kach” vle di monnen legal yo itilize nan peyi Etazini Damerik la ak evikalan l yo.

“Koz Aksyon” vle di nenpòt aksyon, demann, kos aksyon, kontwovès, demann lòt moun fe, litij, pwosedi, reklamasyon, dwa, gaj, dedomajman, kontribisyón, garanti, pwosè, obligasyon, objeksyon, responsabilite, pèt, dèt, frè oswa depans, domaj, enterè, jijman, kont, defans, rekou, pouvwa, privilej, lisans ak franchiz, kèlkeswa sa li ye a oswa karaktè li a, kit yo konnen l déjà, kit yo pa konnen l, kit yo prevwa li ka parèt, kit yo pa prevwa sa, ki egziste kounye a oswa ki parèt pi devan, ki depann oswa ki pa depann de

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

lòt sitiyasyon, ki rive nan matirite oswa ki pa rive nan matirite, kit yo sispèk li egziste, kit yo pa sispèk sa, ki likide oswa ki pa likide, ki konteste oswa ki pa konteste, ki garanti oswa ki pa garanti, kit yo vini avè l dirèkteman, kit yo vini avè l akoz yon lòt sitiyasyon, ki te parèt anvan, nan oswa apre dat dokiman sa a, anba yon kontra, akoz yon deli sivil, anba lalwa oswa anba prensip ekite yo, oubyen anba nenpòt lòt teyori jiridik. Pou pèsòn pa gen dout, yon “Koz Aksyon” gen ladan l: (i) nenpòt dwa pou yon konpansasyon, yon demann rekouvansyonèl oswa yon rekouvreman, ak nenpòt demann pou vyolasyon yon kontra oswa pou vyolasyon yon devwa ki egziste anba lalwa oswa anba prensip ekite yo; (ii) nenpòt demann ki baze sou, ki gen rapò ak oswa ki parèt akoz yon deli sivil, yon vyolasyon yon devwa fidisyè, yon vyolasyon lwa Eta yo ak lwa federal yo, san wete lwa sou tit finansye yo, yon zak neglijans oswa yon zak neglijans grav, nètale oswa an pati; (iii) dwa pou refize oswa pou konteste, rekarakterize, reklasifye, sibòdone oswa denye yon Revandikasyon; (iv) nenpòt demann oswa defans, san wete pou fwod, pou yon erè, pou yon zak fose, pou yon enterè ki twòp, ak nenpòt lòt defans ki sanble; ak (iv) nenpòt transfè ki lakòz yon fwod anba lwa Eta yo oswa anba lwa etranje yo, oubyen nenpòt lòt demann ki sanble.

“CFTC” vle di Commodity Futures Trading Commission.

“Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo” vle di aksyon CFTC a te angaje devan Tribunal sa a nan afè ki gen tit *Commodity Futures Trading Commission kont Eddy Alexandre ak EminiFX, Inc.*, afè n° 22 Civ. 3822 (S.D.N.Y.).

“Revandikasyon” vle di (i) nenpòt dwa potansyèl oswa dwa yo revandike pou jwenn yon peman, kit dwa sa a baze sou prensip ekite yo oswa sou lwa yo, kit li pa baze sou yo, kit li redui nan jijman, kit li likide, kit li pa likide, kit li fiks, kit li depann de lòt sitiyasyon, kit li rive nan matirite oswa li pa rive nan matirite, kit li konteste oswa li pa konteste, kit li legal, kit li ekitab, kit li garanti oswa li pa garanti; oswa (ii) yon dwa potansyèl oswa yon dwa yo revandike pou jwenn yon mezi ekitab pou yon vyolasyon yon devwa si vyolasyon sa a lakòz yon dwa pou jwenn yon peman, kit dwa sa a pou jwenn yon mezi ekitab redui nan jijman, kit li fiks, kit li depann de lòt sitiyasyon, kit li rive nan matirite oswa li pa rive nan matirite, kit li konteste oswa li pa konteste, kit li garanti oswa li pa garanti.

“Machasuiv pou Revandikasyon” vle di òdonans Tribunal sa a te rann pou (I) apwouve machasuiv yo pou verifye kontribisyon Itilizatè yo ak retrè Itilizatè yo nan EminiFX, (ii) fikse yon dat limit pou depoze Revandikasyon Moun ki pa Itilizatè yo, (III) tabli machasuiv pou notifikasyon yo, epi (IV) bay mezi reparasyon nan dat 29 out 2023, ansanm avèk machasuiv Tribunal la apwouve yo ak machasuiv ki ka modifie detanzantan yo (nimewo 228 nan lis dosye Tribunal la).

“Rekèt sou Machasuiv pou Revandikasyon” vle di memorandòm legal pou kore rekèt administratè sekès la te depoze pou yo rann yon òdonans ki (I) apwouve machasuiv yo pou verifye kontribisyon Itilizatè yo ak retrè Itilizatè yo nan EminiFX, (ii) fikse yon dat limit pou depoze Revandikasyon Moun ki pa Itilizatè yo, (III) tabli machasuiv pou notifikasyon yo, epi (IV) bay mezi reparasyon yo te depoze nan dat 10 out 2023 (nimewo 225 nan lis dosye Tribunal la).

“Tribinal” vle di Lakou Distri Etazini pou Distri Sid New York la.

“Plan Distribisyon” vle di Plan Distribisyon sa a, nan nenpòt vèsyon ki ka modifie detanzantan.

“Òdonans pou Plan Distribisyon” vle di òdonans Tribunal la te rann pou apwouve Plan Distribisyon sa a, jan li te depoze a oswa jan Tribunal la te modifie li nan òdonans sa a.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

**“Dat Antre Anvigè”** vle di dat kote Tribunal la rann Òdonans pou Plan Distribisyon an.

**“EminiFX”** vle di EminiFX, Inc., ki se yon defandè nan Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo.

**“Revandikasyon EminiFX”** vle di nenpòt Revandikasyon kote yo mande yon rekouvreman nan oswa kont Byen ki anba Sekès yo.

**“Rapò sou Kondisyon Finansye EminiFX”** vle di *Rapò sou Kondisyon Finansye Administratè sekès la* ki gen dat 15 me 2023 (nimewo 199 nan lis dosye Tribunal la).

**“Sistèm EminiFX”** vle di platfòm ki gen mak EminiFX la kote Itilizatè yo te fè kontribisyon oswa kote yo te retire Lajan.

**“Fon EminiFX QSF”** vle di fon règleman kalifye yo te kreye apati Byen ki anba Sekès yo anba tit 26 nan Kòd Reglementasyon Federal la § 1.468B-1.

**“Patisipasyon nan Kapital”** vle di, pou EminiFX, Inc., nenpòt aksyon òdinè, inite, aksyon komen, aksyon privilejye, patisipasyon antanke manm, patisipasyon antanke patnè oswa lòt enstriman ki montre yon moun gen yon patisipasyon ki fiks oswa ki depann de lòt sitiyasyon nan kapital konpayi a, kit li ka transfere, kit li pa ka transfere, san wete opsyon, garanti, dwa plis-vali aksyon, dwa sou aksyon fiktif, dwa retou, dwa racha, tit finansye ki ka konvèti, ki ka egzèse oswa ki ka echanje, oswa lòt kontra, akò oswa angajman, kèlkeswa sa yo ye, anba yon kontra oswa lòt fason, pou jwenn yon patisipasyon nan kapital la.

**“Òdonans Final”** vle di yon òdonans oswa yon jijman Tribunal sa a oswa yon lòt tribinal ki konpetan te rann ki antre sou lis dosye Tribunal sa a, ki anvigè e ki pa anile, kase, repòte modifye oswa chanje, (i) kote peryòd yo bay pou fè apèl, pou mande yon revizyon jidisyè oswa pou mande yon nouvo pwosè, pou prezante nouvo agiman oswa pou òganize yon lòt odyans gentan ekspire, oswa (ii) si yo te mande yon apèl, yon revizyon jidisyè, yon nouvo pwosè, yon nouvo agimantasyon oswa yon nouvo odyans, kote tribunal siperyè yo te fè apèl devan l lan konfime òdonans sa a oswa jijsman sa a, kote li refize demann revizyon jidisyè a, oswa kote li refize nouvo pwosè a, nouvo agiman yo oswa nouvo odyans lan oswa kote sa yo pa t lakòz tribunal la modifye òdonans lan, epi peryòd yo bay pou fè yon lòt apèl, pou mande yon lòt revizyon jidisyè oswa pou mande yon lòt nouvo pwosè, pou prezante lòt nouvo agiman oswa pou òganize yon lòt nouvo odyans gentan ekspire. Sepandan, pou pèsòn pa gen dout, yon òdonans oswa yon jijman yo ka toujou fè apèl pou li a pa yon Òdonans Final, menm si tribinal la pa t repòte òdonans lan oswa jijman an pandan pwosesis apèl la. Mete sou sa, yon òdonans oswa yon jijman kapab yon Òdonans final menm si yo te depoze oswa si gen yon possiblité pou yo depoze yon rekèt anba règ 59 oswa 60 nan Règ Federal pou Pwosedi Sivil yo (oswa nenpòt lòt règ ki menm jan devan yon lòt tribinal ki konpetan) pou òdonans sa a oswa jijsman sa a.

**“Pwofesyonèl EminiFX”** vle di nenpòt pwofesyonèl Administratè Sekès la angaje anba yon òdonans Tribunal la rann.

**“Lajan”** vle di lajan Kach oswa bitcoin (BTC).

**“Titilè”** vle di, pou nenpòt Revandikasyon EminiFX, Moun ki genyen (oswa ki te genyen) Revandikasyon EminiFX sa a nan Dat Ofisyèl la oswa siksesè Moun sa a anba yon operasyon legal ki valid e ki aplikab, jan Administratè Sekès la detèmine sa selon pwòp volon te l, *depi* Administratè Sekès la pa

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

gen obligasyon pou 1 rekonèt oswa pou 1 respekte okenn transfè volontè yon Titilè yon Revandikasyon EminiFX fè pou Revandikasyon EminiFX li a, sof si Titilè sa a respekte dispozisyon ki nan dokiman sa a.<sup>2</sup>

**“Demann Lajistis”** vle di yon demann alekri (kit se sou fòm yon lèt demann, yon plent, yon rekèt oswa yon lòt dokiman ki menm jan) kote Administratè Sekès la revandike yon Koz Aksyon reyèl oswa potansyèl kont yon Titilè yon Revandikasyon EminiFX oswa pou nenpòt Revandikasyon EminiFX, epi ki gen ladan 1 yon deklarasyon ki kout e ki senp sou Koz Aksyon sa a ak sou mezi reparasyon Administratè Sekès la ap mande.

**“Ganyan nèt”** vle di nenpòt Itilizatè ki gen yon Montan Retrè ki Verifye ki plis pase Montan Depo Itilizatè ki Verifye a.

**“Revandikasyon Moun ki pa Itilizatè”** vle di nenpòt Revandikasyon yon Moun fè san se pa paske se yon Itilizatè li ye epi ki baze sou (1) yon founiti byen oswa sèvis pou EminiFX kote li pa t peye nètale; (2) yon kòb li te prete EminiFX ki pa t ranbouse nètale; (3) yon salè, yon reminerasyon oswa yon lòt benefis anplwa ki pa t peye nètale; (4) yon peman enpo, san wete montan otorite federal yo ak otorite Eta yo kenbe, anba tit 26 nan Kòd Etazini an; (5) yon responsabilite primè, segondè, dirèk, endirèk, garanti, ki pa garanti oswa ki depann de yon lòt sitiyasyon; oswa (6) yon kontra, yon deli civil, yon dedomajman, yon ranbousman, yon teyori sibwogasyon oswa yon lòt teyori jiridik oswa ekitab.

**“Lòt Revandikasyon”** vle di nenpòt Revandikasyon Moun ki pa Itilizatè fè, depi Revandikasyon Moun ki pa Itilizatè sa a pa yon Revandikasyon Administratif, yon Revandikasyon Fiscal oswa yon Revandikasyon Sibòdone.

**“Moun”** vle di yon moun fizik, yon konpayi, yon konpayi responsabilite limite, yon fidisi, yon koantrepriz, yon asosyasyon, yon gwoup moun ki òganize ansam, yon patenarya, yon inite gouvènmantal oswa yon lòt òganizasyon.

**“Depo ki te Fèt anvan Sekès la”** vle di, pou yon Itilizatè, yon depo Lajan nan Sistèm EminiFX la anvan Dat Sekès la, kit Itilizatè a depoze 1 dirèkteman, kit li fè sa atravè yon lòt moun ki t ap aji nan non Itilizatè a, apre yo retire frè yo ak lòt depans ki fèt pou tranzaksyon an. Pou Lajan ki depoze sou fòm “bitcoin”, valè a konvèti an dola ameriken selon pri kloti bous la nan dat depo a.

**“Retrè ki te Fèt anvan Sekès la”** vle di, pou yon Itilizatè, yon retrè Lajan nan Sistèm EminiFX la, kit Itilizatè a retire 1 dirèkteman, kit li fè sa atravè yon lòt moun ki t ap aji nan non Itilizatè a anvan Dat Sekès la, kit yo karakterize retrè a kòm yon peman enterè, yon retou, yon retou kapital oswa nenpòt lòt fason.

**“Montan Distribisyon ki te Fèt anvan”** vle di, pou nenpòt Revandikasyon Itilizatè, total (i) Montan Retrè Itilizatè ki Verifye a ak (ii) montan total nenpòt distribisyon Administratè Sekès la te fè pou oswa an favè Titilè Revandikasyon Itilizatè sa a nan nenpòt moman.

---

<sup>2</sup> Administratè Sekès la gen entansyon pibliye yon fòm k ap pèmèt yon moun ki vle fè yon transfè pou yon Titilè yon Revandikasyon EminiFX ki mouri defann dwa 1 yo epi bay dokiman pou kore sa li bezwen an. Gade seksyon V.C.5 nan dokiman sa a.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

**“Administratè Sekès”** vle di David A. Castleman, ki se administratè sekès Tribunal la nome nan kad Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo, oswa nenpòt lòt moun Tribunal la nome antanke siksesè David A. Castleman.

**“Sekès”** vle di sekès ekite federal la ki te kreye anba youn oswa plizyè òdonans Tribunal sa a rann nan kad Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo.

**“Byen ki anba Sekès”** vle di tout byen (san wete nenpòt Koz Aksyon, san limit) ki pou EminiFX oswa pou Alexandre epi ki anba kontwòl Administratè Sekès la selon òdonans Tribunal sa a oswa yon lòt tribal ki konpetan bay (san wete QSF EminiFX yo, san limit), ansanm ak tout kòb ki soti nan byen sa yo.

**“Dat Sekès”** vle di dat Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo kòmanse.

**“Òdonans Enjonksyon Preliminè pou Sekès”** vle di òdonans Tribunal sa a rann ki gen tit *òdonans konsantman pou yon enjonksyon preliminè kont defandè Eddy Alexandre ak EminiFX, Inc.* (nimewo 56 nan lis dosye Tribunal la).

**“Òdonans Sekès”** vle di òdonans Tribunal sa a ki gen tit *òdonans pou aksepte rekèt demandè a fè pou jwenn yon òdonans pwoteksyon ex parte, yon nominasyon yon administratè sekès tanporè ak lòt mezi reparasyon ekitab*” (nimewo 9 nan lis dosye Tribunal la).

**“Dat Ofisyèl”** vle di 1<sup>re</sup> mas 2024.

**“Dat Ekspirasyon Atant pou Egzamen”** vle di (i) 30 jen 2025, oswa si dat sa a tonbe pi ta, (ii) dat ki tonbe sis mwa apre yo rann Òdonans Plan Distribisyon an, sof si yo pwolonge delè sa a selon dispozisyon ki nan dokiman sa a.

**“Pousantaj Marewot”** vle di, pou nenpòt distribisyon Administratè Sekès la te fè pou Titilè Revandikasyon Itilizatè ki Otorize, yon pousantaj Administratè Sekès la detèmine, selon pwòp volonté 1, ki aplike pou distribisyon ki fèt pou Revandikasyon Itilizatè Gwoup 3 yo e ki ka ogmante detanzantan selon dispozisyon ki nan Plan Distribisyon sa a. Atik V.A dekri metòd yo itilize pou kalkile Pousantaj Marewot la.

**“Revandikasyon Sibòdone”** vle di, pou nenpòt Revandikasyon EminiFX, nètale oswa an pati, selon sa ki aplikab, (i) yon Revandikasyon ki sibòdone selon yon akò alekri Administratè Sekès la siyen avèk Titilè Revandikasyon EminiFX sa a; (ii) nenpòt kontravansyon oswa penalite CFTC egzike nan kad Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo, lè se Administratè Sekès la ki dwe peye 1 oswa lè se apati Byen ki anba Sekès yo li dwe peye, nètale oswa an pati, sof si Tribunal la mande yon lòt bagay; oswa (iii) yon Revandikasyon ki gen ladan 1 domaj imateryèl oswa endirèk, oubyen yon pèt benefis, oswa ki ta dwe sibòdone yon lòt fason nan enterè prensip ekite yo, selon machasuiv ki dekri nan Atik IV.E.

**“Revandikasyon Fiskal”** vle di, pou nenpòt Revandikasyon EminiFX otorite fiskal yo oswa lòt otorite gouvnèmantal yo genyen pou yon peman enpo apati Byen ki anba Sekès yo (san wete montan enpo ki te dwe anvan Sekès la ak nenpòt montan enpo yo dwe pou Fon EminiFX QSF la), depi Revandikasyon EminiFX sa a pa yon Revandikasyon Administratif ni yon lòt Revandikasyon, sof si Revandikasyon EminiFX sa a se yon Revandikasyon Sibòdone li ye.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

**“Tranzaksyon”** vle di yon depo oswa yon retrè yon Itilizatè te fè nan Sistèm EminiFX la, jan sa dekri nan Rekèt sou Machasuiv pou Revandikasyon an.

**“Itilizatè”** vle di nenpòt Moun ki te kreye yon kont nan Sistèm EminiFX la anvan Dat Sekès la.

**“Revandikasyon Itilizatè”** vle di nenpòt Revandikasyon EminiFX ki baze sou yon envestisman yo fè konnen ki fèt nan Sistèm EminiFX la anvan Dat Sekès la, sof si Revandikasyon EminiFX sa a se yon Revandikasyon Sibòdone oswa yon Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè EminiFX li ye.

**“Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè”** vle di nenpòt Revandikasyon EminiFX ki baze sou yon envestisman yo fè konnen ki fèt nan Sistèm EminiFX la anvan Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo, kote Montan Depo Itilizatè ki Verifye a (san retire Montan Retè Itilizatè ki Verifye a) pa depase \$1,000, sof si Revandikasyon EminiFX sa a se yon Revandikasyon Sibòdone li ye.

**“Pousantaj Distribisyon pou Gwoup Pratik Itilizatè”** vle di, pou nenpòt distribisyon Administratè Sekès la fè pou Titilè Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize a, yon pousantaj Administratè Sekès la detèmine, selon pwòp volonte li, ki aplike pou Revandikasyon Itilizatè Gwoup 3A yo, avèk ogmantasyon ki ka fèt yo selon sa ki dekri nan Atik III.A.4.

**“Pòtay Itilizatè”** ble di pòtay yo te kreye nan kad Machasuiv pou Revandikasyon yo, kote tout Itilizatè yo te jwenn aksè pou yo egzamine tout Tranzaksyon Administratè Sekès la te idantifye yo pou Itilizatè yo verifye Tranzaksyon yo te fè yo nan lis la, pou yo modifye Tranzaksyon sa yo ak/oswa pou ajoute lòt Tranzaksyon oswa ajoute yon lòt Itilizatè yo te gendwa fè yon Tranzaksyon nan non li, epi ki ka vin gen lòt fonksyonalite yo ajoute detanzantan pou Itilizatè yo ka fè konnen sa yo panse konsènan Plan Distribisyon sa a ki pwopoze, pou yo endike kowòdone yo pou distribisyon peman yo epi pou yo voye nenpòt objeksyon sou Tranzaksyon ki konteste yo.

**“Montan Depo Itilizatè ki Verifye”** vle di, pou chak Itilizatè ki pa gen yon Depo ki te Fèt anvan Sekès la oswa yon Retrè ki te Fèt anvan Sekès la ki konteste selon kondisyon ki nan Machasuiv pou Revandikasyon yo, total tout Depo ki te Fèt anvan Sekès la pou Itilizatè sa a oswa nan non li (oswa ki ka atribye pou Itilizatè sa a kòmsadwa, selon sa Administratè Sekès la detèmine).

**“Montan Retrè Itilizatè ki Verifye”** vle di, pou chak Itilizatè ki pa gen yon Depo ki te Fèt anvan Sekès la oswa yon Retrè ki te Fèt anvan Sekès la ki konteste selon kondisyon ki nan Machasuiv pou Revandikasyon yo, total tout Retrè ki te Fèt anvan Sekès la pou Itilizatè sa a oswa an favè li (oswa ki ka atribye pou Itilizatè sa a kòmsadwa, selon sa Administratè Sekès la detèmine).

## B. Règ entèpretasyon

Nan dokiman sa a: (1) nan konteks ki apwopriye a, chak mo, kit li deziyen yon sèl bagay, kit li deziyen plizyè bagay, aplike pou ni yon sèl bagay ni plizyè bagay, epi pwonon ki maskilen, ki feminen oswa ki net yo nan yon lang gen ladan yo fòm maskilen an, fòm feminen an ak fòm net la tou; (2) sof si yo endike yon lòt bagay, tout referans yo fèt ak “atik” yo se referans ak atik ki nan Plan Distribisyon sa a; (3) sof yo endike yon lòt bagay, ekspresyon “dokiman sa a” oswa “nan dokiman sa a” fè referans ak Plan Distribisyon sa a an jeneral olye yo fè referans ak yon sèl pati nan Plan Distribisyon sa a; (4) yo mete tit ak sou-tit atik yo pou fè lekti a pi fasil, men yo pa afekte entèpretasyon dokiman sa a; (5) ekspresyon “gen ladan l” ak “san wete” ak lòt ekspresyon ki menm jan pa limite sa ki vin annapre yo, epi yo tout ta dwe

## PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024 SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN

konsidere kòm ekspresyon ki “san limit”; (6) Administratè Sekès la gendwa entèprete nenpòt dispozisyon ki la pou aplike yon reglemantasyon selon pwòp volonte li, depi sa pa depaman avèk objektif ak entansyon Plan Distribisyón sa a, san li pa bay okenn notifikasyon sou sa e san li pa jwenn okenn aksyon, òdonans oswa apwobasyon nan men Tribunal sa a oswa nan men lòt Moun, san okenn Moun pa renonse ak dwa yo genyen nan domèn sa a; epi (7) nenpòt nimewo nan lis dosye Tribunal ki mansyone nan Plan Distribisyón sa a fè referans ak nimewo yon dokiman ki depoze devan Tribunal sa a nan kad Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo.

Si Administratè Sekès la tradui Plan Distribisyón sa a nan lòt lang, se vèsyon nan lang anglè a ki gen priyorite. Tradiksyon ki fèt pou Plan Distribisyón sa a pa gen okenn efè legal epi yo fè tradiksyon sa yo pou fè lekti a pi fasil sèlman.

### C. Dwa aplikab

Sof si lwa federal yo tabli yon règ oswa yon machasuiv an patikilye, oswa sof si dokiman sa a endike yon lòt bagay, se lwa Eta New York yo ki pral reji dwa, obligasyon, entèpretasyon ak aplikasyon Plan Distribisyón sa a, san konsidere prensip sou konfli ant lwa yo.

### D. Referans ki fèt ak montan yo

Nan Plan Distribisyón sa a, nenpòt referans ki fèt ak yon montan se yon referans ki fèt an dola ameriken, sof si dokiman sa a endike yon lòt bagay.

## ATIK II. PWOSÉSIS REVANDIKASYON AN

### A. Machasuiv pou Revandikasyon yo

Prèsk tout Byen ki anba Sekès yo se Kach (kòb ki soti nan byen ki likide anvan yo, san wete bitcoin) ak sèten Koz Aksyon potansyèl yo ye. Nan dat 30 jen 2024, montan total Kach ki te fè pati Byen ki anba Sekès yo te nan 153 milyon dola.

Youn nan pi gwo responsabilite Administratè Sekès la genyen se detèmine fason Kach ki fè pati Sekès la dwe distribye pou Titilè Revandikasyon EminiFX ki Otorize yo. Pou detèmine sa, li dwe kalkile Montan Depo Itilizatè ki Verifye a ak Montan Retrè Itilizatè ki Veriye a pou chak envestisè (sètadi pou chak Itilizatè). Apre nominasyon li, Administratè Sekès la ak ekip li a te itilize dokiman labank ak dokiman sou echanj kriptomonè yo te jwenn yo ansanm ak dokiman entèn EminiFX yo (ki pa t fyab ni konplè) pou makònèn majorite nan 100,000 tranzaksyon depo ak retrè ki te fèt yo avèk Itilizatè EminiFX yo. Sepandan, gen plizyè milye Tranzaksyon ki pa t makònèn ak okenn Itilizatè. Se pou rezon sa a Administratè Sekès la te mete sou pye kèk machasuiv pou verifye depo yo ak retrè yo. Nan dat 29 out 2023, Tribunal sa a te rann yon òdonans pou apwouve Machasuiv pou Revandikasyon yo. Nan kad Machasuiv pou Revandikasyon sa yo, Itilizatè yo te ka aksede nan yon Pòtay Itilizatè Administratè Sekès la te kreye pou yo verifye oswa konteste tout Tranzaksyon (kontribisyon oswa retrè nan EminiFX) Administratè Sekès la te idantifye pou Itilizatè sa yo, yo te ka ajoute Tranzaksyon oswa makònèn depo yo ak lòt Itilizatè, ak lòt bagay ankò. Administratè Sekès la te gen possibile pou 1 egzamine epi verifye oswa konteste modifikasyon sa yo. Kounye a, peryòd tan yo te bay pou Itilizatè yo oswa lòt moun ki gen Revandikasyon te ka fè sa ki dekri anvan an nan kad Machasuiv pou Revandikasyon yo ekspire.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

Anpil moun te voye repons sou Pòtay Itilizatè a. Plizyè milye Itilizatè te sèvi ak Pòtay Itilizatè a pou verifye Tranzakson Administratè Sekès la te antre yo oswa pou konteste epi ajoute plizyè milye Tranzakson. Etandone repons yo te anpil, Administratè Sekès la te pase anpil tan ap analize repons chak Itilizatè te voye yo olye li te annik verifye Tranzakson Administratè Sekès la te antre yo. Analiz sa a pokò fini. Se pou rezon sa a, montan total envestisman ak retrè ki fèt nan EminiFX ki pral itilize pou kalkile distribisyon yo gendwa diferan ak estimasyon ki nan Rapò sou Kondisyon Finansye EminiFX la.<sup>3</sup>

Epitou, Machasuv pou Revandikasyon yo te fikse kèk delè pou òganizasyon gouvènmantal yo ak lòt Moun ki pa Itilizatè yo voye prèv pou kore Revandikasyon yo (120 jou ak 60 jou apre òdonans lan, respektivman).<sup>4</sup>

**B. Pwosesis egzamen Tranzakson Itilizatè yo**

Pou Revandikasyon Itilizatè yo, Administratè Sekès la ak pwofesyonèl li yo ap eggamine Tranzakson ki konteste yo (sètadi tout sa ki pa verifye yo). Lè Administratè Sekès la dakò ak yon Tranzakson yon Itilizatè te modifye oswa ajoute, l ap verifye Tranzakson sa a. Lè Administratè Sekès la pa rive verifye yon Tranzasyon ki modifye oswa ki ajoute, l ap make l pou fè konnen li konteste epi Itilizatè a ap gen posiblite reponn oswa bay plis enfòmasyon apre li jwenn remak Administratè Sekès la. Administratè Sekès la panse li pral verifye epi aksepte plizyè milye Tranzakson ki modifye oswa ki ajoute, ki reprezante plizyè dizèn milyon dola. Majorite nan sa yo gen rapò ak depo Itilizatè yo te fè.

Administratè Sekès la panse premye faz egzamen tout Tranzakson Itilizatè ki konteste yo pral fini bò zòn oktòb 2024. Nan moman sa a, Administratè Sekès la pral depoze yon lis Tranzakson ki konteste (jan sa defini nan Machasuv pou Revandikasyon yo) pou Transaksyon Itilizatè ki toujou konteste yo, jan sa esplike nan kondisyon ki nan Machasuv pou Revandikasyon yo. Apre sa, Itilizatè ki konsène yo ap gen 45 jou pou yo soulve nenpòt objeksyon sou Pòtay Itilizatè a epi Administratè Sekès la ap eseye mete l dakò ak Itilizatè sa yo ki fè konnen yo te depoze oswa retire Lajan nan EminiFX. Sepandan, Administratè Sekès pral rejte nèt nenpòt Itilizatè ki mande pou li konsidere retou sou envestisman, bonis oswa transfè entèn antanke depo ki valid, jan anpil nan yo deja chèche fè sa sou Pòtay Itilizatè a. Epitou, an jeneral, byenke Administratè Sekès la ap kontinye bay Itilizatè yo kèk mwayen limite pou yo rezoud dezakò yo genyen avèk Itilizatè yo, lè sa apwopriye, depi sa pa depaman ak Machasuv pou Revandikasyon yo ak Plan Distribisyon sa a, li pa p rezoud jan de dezakò sa yo epi Machasuv pou Revandikasyon yo rezève dwa Itilizatè yo pou yo depoze nenpòt demann kont lòt moun (san wete kont lòt Itilizatè).

Se sa k fè, pou tout litij ki rete yo, Administratè Sekès la pral depoze yon rezime objeksyon Itilizatè yo genyen kont lis Tranzakson ki konteste yo ak yon deklarasyon pou kore desizyon Administratè Sekès la pran pou Tranzakson sa yo bay Tribinal la, epi li gendwa mande youn oswa plizyè òdonans pou Tribinal la rezoud litij sa yo.

Administratè Sekès la panse pwosesis ki dekri anvan an pou rezoud Tranzakson kote gen dezakò ant envestisè yo kapab pran plizyè mwa. Sepandan, pifò Itilizatè yo te verifye Revandikasyon yo epi yo pa gen okenn litij. Administratè Sekès la panse premye distribisyon pou Itilizatè ki gen Tranzakson ki verifye

<sup>3</sup> Jan Rapò sou Kondisyon Finansye a te esplike sa, selon enfòmasyon yo te jwenn pandan yo t ap analize relve bankè EminiFX yo ak dosye entèn li yo ki pa t konplè, yo te estime envestisman ki te fèt (an dola ameriken oswa an bitcoin) nan EminiFX yo te rive nan 262.5 milyon dola pandan peryòd dizuit mwa EminiFX te fonksyone a. Pandan menm peryòd la, Rapò sou Kondisyon Finansye a estime envestisè nan EminiFX yo te retire anviwon 34.0 milyon dola.

<sup>4</sup> Administrasyon fiskal ameriken an (Internal Revenue Service) pa gen obligasyon pou l respekte delè sa yo.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

yo (ki pa inisyé oswa kote pa gen obligasyon pou fè yon egzamen ki pi detaye sou yo) ap ka fèt anvan pwosesis egzamen Tranzaksyon yo fini nèt selon Plan Distribisyón sa a. Ofiramezi Tranzaksyon Itilizatè yo verifye epi pa gen litij ki rete, Itilizatè sa yo ap ka jwenn distribisyón yo.

**C. Pwosesis egzamen prèv Revandikasyon yo (Revandikasyon Moun ki pa Itilizatè)**

Epitou, Administratè Sekès la te egzamine prèv Revandikasyon Moun ki pa Itilizatè yo te bay. Nan dat Plan sa a te depoze a, Administratè Sekès la te mete l dakò ak tout revandikatè sa yo, sof youn nan yo.<sup>5</sup> Selon akò li te pase avèk revandikatè li te rive mete l dakò ak yo, tout jwenn yon peman epi yo pa gen okenn Revandikasyon ki rete. Okenn nan pati yo pa gen okenn lòt bagay pou l fè epi pa p gen distribisyón ki fèt anba Plan sa a pou revandikatè li te rive mete l dakò ak yo. Sèten Itilizatè te depoze prèv pou kore Revandikasyon yo, san dout pou asire yo y ap jwenn sa yo mande. Jan Machasuv pou Revandikasyon yo mande sa, tout prèv Itilizatè yo te voye pou kore Revandikasyon yo pou envestisman yo nan Sistèm EminiFX yo rejte otomatikiman, epi Itilizatè sa yo te enfòme yo sipoze sèvi ak Pòtay Itilizatè a pou verifye ak/oswa konteste nenpòt nan Tranzaksyon EminiFX yo.

**ATIK III.  
KLASIFIKASYON AK TRETMAN REVANDIKASYON YO**

**A. Klasifikasiyon Revandikasyon yo**

Envestisè yo oswa lòt revandikatè yo ki kalifye pou yo resevwa distribisyón anba Plan Distribisyón sa a klasifye nan gwoup sa yo:

- Gwoup 1: Revandikasyon Administratif
- Gwoup 2: Revandikasyon Fiskal
- Gwoup 3: Revandikasyon Itilizatè
- Gwoup 3A: Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè
- Gwoup 4: Lòt Revandikasyon
- Gwoup 5: Revandikasyon Sibòdone
- Gwoup 6: Patisipasyon nan Kapital

**B. Tretman Revandikasyon yo**

Se kondisyon ki nan Plan Distribisyón sa a ki rejি distribisyón ki fèt pou Revandikasyon EminiFX ki Otorize yo, epi distribisyón sa yo fèt, yo vin lakòz yon satisfaksiyon, yon règleman ak yon dechaj responsablitè ki konplè. Revandikasyon EminiFX ki Otorize yo nan gwoup ki vin annapre yo ka peye selon priyorite ki defini annapre yo ak nan kondisyon ki defini annapre yo apati Byen ki anba Sekès yo. Okenn Titilè yon Revandikasyon EminiFX ki Otorize pa gen dwa pou l jwenn yon montan anba Plan Distribisyón sa a ki plis pase montan total Revandikasyon EminiFX ki Otorize pou Titilè sa a (epi okenn Titilè pa gen dwa pou l jwenn enterè sou Revandikasyon l yo):

**1. Gwoup 1 – Revandikasyon Administratif**

---

<sup>5</sup> Nan dat 2 out 2024, Administratè Sekès la te depoze Rapò Analiz Revandikasyon pou Moun ki pa Itilizatè yo. Dokiman sa a te pèmèt li kòmanse yon pwosesis fòmèl pou rezoud litij ki rete a avèk revandikatè li pa t rive mete l dakò avè l la.

## PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024 SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN

Chak Titilè yon Revandikasyon Administratif ki Otorize (gwoup 1) ap gen dwa pou resevwa montan Revandikasyon Administratif ki Otorize pou Titilè sa a nèteale, sou fòm Kach, chak lè sa apwopriye epi nan dat montan sa a dwe peye selon òdonans Tribunal sa a rann, sof si Titilè sa a dakò pou l benefisyé yon tretman ki mwens favorab. Revandikasyon Administratif ki pa peye oswa ki konteste yo ap rezèv pou montan total yo, sof si gen yon lòt akò ki pase anba Plan Distribisyón sa a. Pwofesyonèl EminiFX ki gen Revandikasyon Administratif yo ap resevwa peman yo selon òdonans sou anplwa yo te rann nan dosye sa a nan dat 10 jen 2022, nan vèsyon li ki ka modifie detanzanta (nimewo 47, 187, 209 ak sa ki vin annapre yo nan lis dosye Tribunal la).

### **2. Gwoup 2 – Revandikasyon Fiskal**

Chak Titilè yon Revandikasyon Fiskal ki Otorize (gwoup 2) ap gen dwa pou resevwa montan Revandikasyon Fiskal ki Otorize pou Titilè sa a nèteale, sou fòm Kach, chak lè sa apwopriye epi nan dat montan sa a dwe peye selon òdonans Tribunal sa a rann, sof si Titilè sa a dakò pou l benefisyé yon tretman ki mwens favorab. Nan moman distribisyón an fèt, si yo poko detèmine montan Revandikasyon Fiskal la oswa si li pa Otorize, Administratè Sekès la pral kreye yon rezèv nan yon montan li pral detèmine selon pwòp volonté li apre li fin konsilte konseye l yo, depi se yon estimasyon ki rezonab pou montan enpo EminiFX ak Fon EminiFX QSF la ka gen pou peye.

Selon pouvwa yo ba li nan paragraf 31(m) nan òdonans pwoteksyon legal la (nimewo 9 nan lis dosye Tribunal la), jan li fè pati paragraf 37 nan òdonans konsantman an (nimewo 56 nan lis dosye Tribunal la), Administratè Sekès la pral depoze yon deklarasyon revni pou Fon EminiFX QSF la epi li pral peye nenpòt montan li dwe san li pa bezwen okenn lòt òdonans nan men Tribunal la, epi li pral deklare nenpòt montan ki peye nan pwochen rapò sitiyasyon li sipoze depoze kòmsadwa. Si administrasyon fiskal ameriken an (Internal Revenue Service oswa nenpòt ajans ki jwe wòl sa a nan yon Eta) depoze yon Revandikasyon Fiskal pou yon montan enpo EminiFX te dwe peye anvan Sekès la, Administratè Fiskal la ap aksepte l san li pa konsidere dat limit la, epi l ap gen otorite pou l aksepte oswa pou negosye montan oswa priyorite Revandikasyon Fiskal sa a. Apre sa, Administratè Sekès la pral depoze yon rapò siplemantè bay Tribunal la pou mande li apwouve Revandikasyon Fiskal sa a, priyorite l la ak peman l lan.

### **3. Gwoup 3 – Revandikasyon Itilizatè**

Chak Titilè yon Revandikasyon Itilizatè ki Otorize (gwoup 3) ap gen dwa pou resevwa youn oswa plizyè distribisyón sou fòm Kach, chak lè sa apwopriye, selon volonté Administratè Sekès la, ki egal ak (i) Montan Depo Itilizatè ki Verifye a pou Revandikasyon Itilizatè ki Otorize a pou Titilè sa a miltipliye pa Pousantaj Marewot ki aplikab nan moman sa a, mwens (ii) Montan Distribisyón ki te Fèt anvan an pou Revandikasyon Itilizatè ki Otorize a pou Titilè sa a.

Administratè Sekès la gen entansyon prepare epi depoze yon avi ki idantifye Pousantaj Marewot ki aplikab la ak yon lis anonim ki montre Montan Depo Itilizatè ki Verifye a ak Montan Distribisyón ki te Fèt anvan an pou chak Revandikasyon Itilizatè ki Otorize bay Tribunal la anvan li fè distribisyón sa yo pou gwoup 3 a. Si kalkil ki mansyone anvan yo bay yon montan ki negatif pou nenpòt Revandikasyon Itilizatè ki Otorize, Titilè Revandikasyon Itilizatè ki Otorize sa a pa p resevwa okenn distribisyón.

### **4. Gwoup 3A – Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè**

## PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024 SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN

Chak Titilè yon Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize (gwoup 3A) ap gen dwa pou resevwa yon sèl distribisyon sou fòm Kach ki pral fèt apeprè nan menm moman yo fè premye distribisyon pwovizwa a pou Titilè Revandikasyon Itilizatè ki Otorize yo (gwoup 3), ki egal ak (i) Montan Depo Itilizatè ki Verifye a pou Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize sa a miltiplier pa Pousantaj Distribisyon pou Gwoup Pratik Itilizatè a, mwens (ii) Montan Distribisyon ki te Fèt anvan an pou Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize sa a. Si kalkil ki mansyone anvan yo bay yon montan ki negatif pou nenpòt Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize, Titilè Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize sa a pa p resevwa okenn distribisyon.

Administratè Sekès la gen entansyon prepare epi depoze yon avi ki idantifye Pousantaj Distribisyon pou Gwoup Pratik Itilizatè ki aplikab la ak yon lis anonim ki montre Montan Depo Itilizatè ki Verifye a ak Montan Distribisyon ki te Fèt anvan an pou chak Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize bay Tribunal la anvan li fè distribisyon sa yo pou gwoup 3A a.

Malgre sa ki mansyone anvan an, si pi devan Administratè Sekès la detèmine Pousantaj Distribisyon pou Gwoup Pratik la pa ekitab parapò ak Pousantaj Marewot final la, Administratè Sekès la rezèv dwa li, selon pwòp volonte li, pou l ogmante Pousantaj Distribisyon pou Gwoup Pratik la epi pou l fe yon distribisyon siplemantè pou Titilè Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize yo selon pousantaj ki ogmante a (yon fason pou distribisyon total Administratè Sekès la fè yo anba Plan an pou chak Titilè yon Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize ka vin egal ak montan ki t ap distribye a si se pousantaj ki ogmante a yo te itilize depi nan kòmansman antanke Pousantaj Distribisyon pou Gwoup Pratik la).

### **5. Gwoup 4 – Lòt Revandikasyon**

Chak Titilè yon Lòt Revandikasyon ki Otorize (gwoup 4) ap gen dwa pou resevwa distribisyon sou fòm Kach ki pral fèt apeprè nan menm moman yo fè distribisyon pou Revandikasyon Itilizatè ki Otorize yo (gwoup 3), ki egal ak montan Lòt Revandikasyon ki Otorize yo pou Titilè sa yo miltiplier pa Pousantaj Marewot ki aplikab nan moman sa a yo itilize pou distribisyon yo pou Revandikasyon Itilizatè ki Otorize yo. Nan moman yo te depoze Rapò Analiz Revandikasyon pou Moun ki pa Itilizatè yo nan dat 2 out 2024, te gen yon sèl Lòt Revandikasyon ki Otorize ki te rete san 1 pa rezoud e ki te ekspire. Revandikatè a te mande yon montan \$992,614 epi li te vin modifye montan sa a pou mande plis pase 2 milyon dola annapre. Administratè Sekès la te detèmine Revandikasyon sa a te dwe rejte nètale. Sepandan, revandikatè a gen dwa pou l konteste desizyon Administratè Sekès la te pran epi pou mande Tribunal la regle kesyon sa a selon Machasuiv pou Revandikasyon yo.

### **6. Gwoup 5 – Revandikasyon Sibòdone**

Okenn nan Titilè Revandikasyon Sibòdone ki Otorize yo (gwoup 5) pa p gen dwa pou resevwa okenn distribisyon, sof si epi apre chak Revandikasyon EminiFX ki Otorize nan gwoup 1, 2, 3, 3A ak 4 yo satisfè nètale anba Plan Distribisyon an. Lè sa a, chak Titilè yon Revandikasyon Sibòdone ki Otorize ap gen dwa pou l jwenn pati pa l la, yon fason ki pwoposyonèl, sou distribisyon Administratè Sekès la toujou gen pou l fè apati Byen ki anba Sekès ki rete yo, si toujou genyen. Selon estimasyon ki fèt kounye a, Titilè Revandikasyon Sibòdone ki Otorize yo pa p resevwa okenn distribisyon.

### **7. Gwoup 6 – Patisipasyon nan Kapital**

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

Moun ki gen Patisipasyon nan Kapital la pa p gen dwa pou yo jwenn okenn distribisyon anba Plan Distribisyón sa a, epi Patisipasyon nan Kapital sa yo pral ekspire epi yo pral anile lè EminiFX disoud selon kondisyon ki nan Plan Distribisyón sa a.

**ATIK IV.  
OTORIZASYON REVANDIKASYON YO AK EFÈ AKSYON LAJISTIS YO SOU  
OTORIZASYON REVANDIKASYON YO**

**A. Pwoesisis otorizasyon Revandikasyon yo**

Y ap pran tout desizyon pou Otorize yon Revandikasyon EminiFX (sa gen ladan 1, pou nenpòt Revandikasyon Itilizatè oswa Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè, rezoud tout litij sou Tranzakson yo epi detèmine Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo ak Montan Retrè Itilizatè ki Verifye yo) selon kondisyon ki nan Machasuiv pou Revandikasyon yo oswa selon sa ki nan yon Òdonans Final Tribunal sa a. Yon Revandikasyon Itilizatè EminiFX kapab selon sa ki dekri nan atik IV.E ki anba a. Jan sa esplike nan seksyon 4 ak 5 nan Machasuiv pou Revandikasyon yo, lè y ap rezoud yon Revandikasyon ki konteste, sa ka gen ladan 1 yon desizyon pou klasifye Revandikasyon ki konteste sa a, nètele oswa an pati, antanke Revandikasyon Sibòdone.

Pou pèsòn pa gen dout, Administratè Sekès la ap eggamine Tranzakson yo pou detèmine Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo ak Montan Retrè Itilizatè ki Verifye yo selon kondisyon ki nan Machasuiv pou Revandikasyon yo. Lè pwoesisis sa a fini, Administratè Sekès la pral depoze yon lis Tranzakson ki konteste (jan sa defini nan Machasuiv pou Revandikasyon yo) epi Titilè Revandikasyon EminiFX ki konsène yo ap gen 45 jou apre sa pou yo soulve nenpòt objeksyon alekri, pou yo aksepte rekòmandasyon Administratè Sekès la pwopoze yo oswa pou yo mete yo dakò avèk Administratè Sekès la.

Kèlekswa lòt bagay ki esplike nan Machasuiv pou Revandikasyon yo, anplis nenpòt otorite yo ba li nan Machasuiv sa yo oswa nenpòt lòt otorite li resevwa lòt fason, Administratè Sekès la ap gen otorite pou li mete 1 dakò avèk yon Titilè yon Revandikasyon Itilizatè oswa yon Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè pou Otorize Revandikasyon EminiFX sa a (sa gen ladan 1, pou nenpòt Revandikasyon Itilizatè oswa nenpòt Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè, otorite pou li rezoud nenpòt litij ki gen rapò ak nenpòt Tranzakson epi detèmine Montan Depo Itilizatè ki Verifye a ak Montan Retrè Itilizatè ki Verifye a), selon pwòp volonte li, san li pa bezwen okenn apwobasyon nan men Tribunal sa a ni san li pa bezwen fè lòt moun oswa Tribunal la konn sa.

**B. Esklizyon retou sou envestisman yo nan Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo**

Jan sa esplike nan Rapò sou Kondisyon Finansye EminiFX la ask nan Rekèt sou Machasuiv pou Revandikasyon yo, Administatè Sekès la deside retou sou envestisman (ki rele "ROI" nan Sistèm EminiFX la) envestisè yo te resevwa yo pa t baze sou rezulta aktivite envestisman yo a. Se pou rezon sa a yo pa ta dwe konsidere antanke yon responsabilite EminiFX ki lejitim toutbonvre. Kidonk, ROI Itilizatè yo te sanse jwenn yo pa p konsidere pou detèmine Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo.

**C. Esklizyon bonis yo nan Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo**

Epitou, Administatè Sekès la deside bonis Itilizatè yo te jwenn yo lè yo te fè lòt Moun enskri antanke Itilizatè ak lè yo te fè Moun sa yo envesti nan Sistèm EminiFX la pa t baze sou okenn valè EminiFX

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

te resevwa toutbon, epi aksyon sa yo te fasilite konbin EminiFX la. Se pou rezon sa a yo pa ta dwe konsidere antanke yon responsablite EminiFX ki lejitim toutbonvre. Kidonk, bonis Itilizatè yo te sanse jwenn yo pa p konsidere pou detèmine Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo.

**D. Esklizyon transfè entèn yo nan Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo**

Epitou, Administratè Sekès la deside transfè entèn ki te fèt ant Itilizatè EminiFX yo nan Sistèm EminiFX la pa p konsidere antanke responsablite EminiFX ni yo pa p konsidere pou detèmine Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo. Transfè entèn sa yo pa koresponn ak okenn nouvo kòb yo te kontribye pou EminiFX, men yo se transfè yon pati nan “volim pèsonèl” Itilizatè yo oswa transfè kòb ki sou kont yon Itilizatè pou voye kòb sa a sou kont yon lòt Itilizatè. Dosye EminiFX yo montre gen prèske 50,000 transfè entèn ki te fèt nan Sistèm EminiFX la pou yon “vale” nominal ki depase 77 milyon dola. Etandone kòb Itilizatè yo te genyen sou kont yo prèske toujou te genyen anpil fo ROI ak anpil bonis maketin milti-nivo ladan 1, li enposib pou detèmine ki pati nan yon transfè koresponn ak Lajan toutbon, epi sa te ka lakòz yo retire Depo ki te Fèt anvan Sekès la sou total la pou evite kontwole menm Lajan an de fwa.<sup>6</sup> Kidonk, transfè ki te fèt ant Itilizatè yo nan Sistèm EminiFX la pa p konsidere pou detèmine Montan Depo Itilizatè ki Verifye yo.

**E. Absans otorizasyon pou Revandikasyon ki konteste yo**

**1. Konsolidasyon potansyèl pou kont envestisè yo**

Administratè Sekès la gendwa deside sèten kont envestisè, selon enfòmasyon ak sikontans ki egziste yo, ta dwe konsidere antanke kont ki konsolide youn ak lòt pou detèmine Montan Depo Itilizatè ki Verifye a ak Montan Retrè Itilizatè ki Verifye a pou kèk Revandikasyon Itilizatè oswa kèk Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè.<sup>7</sup> Nan nenpòt moman, men nan Dat Ekspirasyon Atant pou Egzamen an pou pi ta, Administratè Sekès la pral fè Titilè Revandikasyon Itilizatè oswa Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki konsène yo konnen ki desizyon li pran sou sa alekri (li gendwa fè sa atravè Pòtay Itilizatè a). Nan ka sa a, Revandikasyon Itilizatè oswa Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki konsène yo pa p Otorize epi Titilè Revandikasyon Itilizatè oswa Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè sa yo pa p gen dwa pou vo iwen okenn distribisyon anba Plan Distribisyon sa a sof si epi apre Administratè Sekès la ret [Paj 20 sou 30](#) pran an alekri, Administratè Sekès la rezoud sitiyayson an pa mwayen yon akò alekri, oswa trioinai sa a rezoud sitiyayson an pa mwayen yon Òdonans Final.

**2. “Atant pou egzamen” tanporè ki gen rapò ak aksyon lajistik**

Administratè Sekès la ap gen otorize pou mete nenpòt Revandikasyon EminiFX oswa Titilè 1 la nan yon faz “atant pou egzamen”, nenpòt lè epi jis nan Dat Ekspirasyon Atant pou Egzamen an, pou Revandikasyon EminiFX ki nan faz “atant pou egzamen” tanporè sa a ak tout Revandikasyon EminiFX ki pou Titilè ki nan faz “atant pou egzamen” tanporè sa a pa Otorize. Kèk nan sitiyayson ki ka fè yo itilize “atant pou egzamen” tanporè sa yo, san limit, se lè Administratè Sekès la bezwen plis tan pou l idantifye kèk aksyon potansyèl pou sibòdone Revandikasyon EminiFX yo, pou l tabli yon demann rekouvreman

<sup>6</sup> Pwosesis egzamen Tranzaksyon an te bay Itilizatè EminiFX yo possiblite pou yo ajoute yon manm nan yon depo. Sa te pèmèt Itilizatè yo transfere yon depo bay yon lòt Itilizatè. Sepandan, an jeneral, Administratè Sekès la pa p rezoud litij ki egziste ant Itilizatè yo lè Itilizatè sa yo pa dakò youn ak lòt.

<sup>7</sup> Pa egzanp, yon sitiyayson kote Administratè Sekès la gendwa konsolide de kont se lè prensipal pwopriyetè kont yo se menm moun nan (p. eg. lè li gen yon kont biznis ak yon kont pèsonèl, oswa lè Itilizatè a te ouvri de kont apa) epi youn nan kont envestisè sa yo se yon Ganyan nèt ki pwopriyetè li. Se jis yon egzamp nou bay kòm ilistrasyon. Administratè Sekès la gendwa konsolide kont nan lòt sitiyayson tou.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPROZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

afimatif, pou l fè plis rechèch sou benefisyè yon Revandikasyon EminiFX oswa pou l rekòmande Tribunal la yon sibòdinasyon oswa yon konsolidasyon ki ekitab. Administratè Sekès la pral itilize Pòtay Itilizatè a pou fè Titilè ki konsène a konnen Revandikasyon EminiFX li a nan faz "atant pou egzamen" an pandan Administratè Sekès la ap egzamine l. Administratè Sekès la ka retire nenpòt "atant pou egzamen" tanporè pou nenpòt rezon, selon pwòp volonte li. Tout "atant pou egzamen" tanporè sa yo ap ekspire otomatikman nan Dat Ekspirasyon Atant pou Egzamen an si yo pa t retire yo anvan sa, *depi* pa gen okenn Demann Lajistis ki te depoze, jan sa dekri nan seksyon ki vin annapre a, oswa pa t gen okenn demann sibòdinasyon oswa konsolidasyon ekitab ki te fèt anba atik IV.E sa a.

Dat Ekspirasyon Atant pou Egzamen an gendwa repòte pou pi devan sèlman si Tribunal la apwouve sa. Administratè Sekès la ka mande yon pwolongasyon pa mwayen yon lèt olye li depoze yon rekèt fòmèl. Y ap afiche Dat Ekspirasyon Atant pou Egzamen ki anvigè a sou sit Entènèt Sekès la.

### **3. Demann Lajistis**

Administratè Sekès la ap gen otorite pou l depoze yon Demann Lajistis pou nenpòt Revandikasyon EminiFX (kit Revandikasyon EminiFX sa a nan yon faz "atant pou egzamen" tanporè, kit li pa nan faz sa a) oswa pou Titilè 1 la. Nenpòt Demann Lajistis ki depoze ap anpeche pou yo Otorize Revandikasyon EminiFX ki idantifye nan Demann Lajistis la ak tout Revandikasyon EminiFX ki pou Titilè ki idantifye nan Demann Lajistis la apre Titilè ki konsène a resevwa yon avi sou Demann Lajistis la, jiskaske Administratè Sekès la retire Demann Lajistis li a alekri, jiskaske Administratè Sekès la rezoud sitiyayson an pa mwayen yon akò alekri, oswa jiskaske Tribunal sa a rezoud sitiyayson an pa mwayen yon Òdonans Final.

Si gen distribisyon ki fèt anba Plan Distribisyon sa a pou yon Revandikasyon EminiFX ki Otorize alòske gen yon Demann Lajistis ki depoze annapre pou menm Revandikasyon sa a e ki lakòz li vin pa Otorize ankò, Administratè Sekès la gendwa mande Tribunal la yon mezi reparasyon ki apwopriye, san wete, yon ranbousman distribisyon ki te gentan fèt yo, oswa lòt mezi ankò.

### **4. Posiblite pou sibòdone Revandikasyon envestisè yo**

Administratè Sekès la gendwa deside sèten Revandikasyon Itilizatè oswa sèten Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè, selon enfòmasyon ak sikontans ki egziste yo, ta dwe klasifye antanke Revandikasyon Sibòdone. Pou Revandikasyon Sibòdone potansyèl sa yo, Administratè Sekès la gendwa depoze youn oswa plizyè lis Revandikasyon Sibòdone bay Tribunal la, nenpòt lè anvan Dat Ekspirasyon Atant pou Egzamen an, epi li pral fè nenpòt Titilè ki konsène konn sa. Nenpòt Titilè ki konsène ap gen 45 jou apre sa pou l soulve nenpòt objeksyon bay Administratè Sekès la pa mwayen metòd Administratè Sekès la te espesifye a lè li te remèt li lis Revandikasyon Sibòdone a. Si li pa soulve okenn objeksyon nan delè sa a, klasifikasyon sibòdinasyon an ap vin final. Pou nenpòt klasifikasyon sibòdinasyon ki pa rezoud pa mwayen yon akò avèk Titilè ki konsène a, Administratè Sekès la pral mande Tribunal la pran yon desizyon rapid selon dispozisdyon ki nan seksyon 5 nan Machasuiv pou Revandikasyon yo.

Pou pèsòn pa gen dout, pou nenpòt Revandikasyon Itilizatè oswa Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè (a) ki pa gen okenn demann sibòdinasyon ki fèt pou li anba seksyon sa a anvan Dat Ekspirasyon Atant pou Egzamen an, oswa (b) ki pa idantifye nan okenn Demann Lajistis jan sa dekri nan atik IV.E, pa p yon Revandikasyon Sibòdone.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

**ATIK V.  
PWOSESIS DISTRIBISYON AN**

**A. Rezime metodoloji marewot la**

Administratè Sekès la pral fè distribisyon pou Titilè Revandikasyon Itilizatè ki Otorize yo pa mwayen yon metòd yo rele metòd marewot la (“rising thide”). Metòd “marewot” la se yon metòd anpil tribunal rekonèt ki apwopriye pou konbin Ponzi yo. Metòd sa a prevwa pou yo fè distribisyon yon fason pou chak envestisè ki kalifye resevwa yon kòb sou fòm Kach nan men Administratè Sekès la. Lè yo ajoute kòb sa a ak distribisyon envestisè sa a te gentan resevwa yo, li ta dwe rive nan yon montan total ki egal ak yon pousantaj (sa yo rele Pousantaj “Marewot” la) sou envestisman brit envestisè sa a te fè nan EminiFX (san li pa konte benefis li deklare yo, enterè yo, bonis yo, transfè yo oswa lòt montan ki nan Sistèm EminiFX la anplis kòb envestisè a te kontribye nan EminiFX). Pa egzanp, si Pousantaj Marewot la se 50% epi envestisè a te deja resevwa kèk distribisyon ki reprezante 28% Montan Depo Itilizatè ki Verifye 1 la, envestisè sa a t ap resevwa yon distribisyon ki egal ak 22% Montan Depo Itilizatè ki Verifye 1 la nan men Administratè Sekès la. Si yon envestisè te gentan resevwa distribisyon (anvan oswa apre Dat Sekès la) ki egal ak oswa ki plis pase Pousantaj Marewot ki aplike nan moman sa a miltiplied pa Montan Depo Itilizatè ki Verifye 1 la, li pa p resevwa okenn distribisyon nan men Administratè Sekès la nan moman sa a. Men kijan yo kalkile distribisyon yo pa mwayen metòd parewot la:

*Distribisyon = (Montan Depo Itilizatè ki Verifye miltiplied pa % Marewot)  
mwens Montan Retrè Itilizatè ki Verifye mwens distribisyon Administratè Sekès la te gentan fè nan dat la.*

Tablo ki vin annapre a bay yon egzanp sou fason yo ka aplike metodoloji marewot la sou kat itilizatè diferan ki chak gen \$10,000 kòm Montan Depo Itilizatè ki Verifye, men ki gen diferan Montan Retrè Itilizatè ki Verifye. Nan egzanp sa a, pousantaj marewot la kòmanse nan 30% nan premye distribisyon an epi li ogmante nan 50% nan yon distribisyon ki fèt pi devan. **Se jis yon egzanp li ye, li pa sanse endike ki Pousantaj Marewot Administratè Sekès la pral tabli nan okenn moman presi.**

Itilizatè	Distribisyon 1 30% marewot	Distribisyon 1 50% marewot	Total distribisyon Administratè Sekès la fè	Total retrè ak distribisyon
<b>Itilizatè A</b> Depo \$10,000 Retrè \$0	\$3,000	\$2,000	\$5,000	\$5,000
<b>Itilizatè B</b> Depo \$10,000 Retrè \$2,000	\$1,000	\$2,000	\$3,000	\$5,000
<b>Itilizatè C</b> Depo \$10,000 Retrè \$4,000	\$0	\$1,000	\$1,000	\$5,000
<b>Itilizatè D</b> Depo \$10,000 Retrè \$8,000	\$0	\$0	\$0	\$8,000

## PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024 SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN

Administratè Sekès la pral fikse premye Pousantaj Parewot la rapid, selon pwòp volonté li, apre (i) peryòd envestisè yo jwenn pou yo reponn premye lis Transaksyon ki konteste Administratè Sekès la voye a fini, oswa si dat sa a tonbe pi ta, apre (ii) Tribunal la rann Òdonans pou Plan Distribisyon an. Lè 1 ap kalkile pousantaj sa a, Administratè Sekès la panse 1 ap gen tout enfòmasyon ki disponib yo, san wete montan Tranzakson ki konteste yo ak estimasyon pou Revandikasyon gwoup 1 ak gwoup 2 ki rete yo, epi li gen entansyon rezèv estimasyon rezonab sa yo poutèt li prevwa pou l ogmante Pouzantaj Marewot la detanzantan. Administratè Sekès la pral afiche premye Pousantaj Marewot la sou sit Entènèt Sekès la epi li pral depoze yon avi bay Tribunal la pou fè 1 konnen Pousantaj Marewot ki aplikab la. Epitou, li pral depoze Montan Depo Itilizatè ki Verifye a ak Montan Retrè Itilizatè ki Verifye a pou Titilè ki gen Revandikasyon Itilizatè ki Verifye yo bay Tribunal la, li pral afiche yo sou sit Entènèt Sekès la epi li pral afiche yo sou Pòtay Itilizatè a pou envestisè sa yo.

Administratè Sekès la pral fiske yon Pousantaj Distribisyon pou Gwoup Pratik Itilizatè a nan menm moman li fiske premye Pousantaj Marewot la epi li pral suiv yon pwosesis ki menm jan ak sa ki endike anwo a, sètadi li pral afiche Pousantaj Distribisyon pou Gwoup Pratik Itilizatè a sou sit Entènèt la, li pral depoze lis yo bay Tribunal la epi li pral mete Montan Depo Itilizatè ki Verifye a ak Montan Retrè Itilizatè ki Verifye a pou Titilè ki gen Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize sou Pòtay Itilizatè a.

Pou distribisyon ki fèt pi devan yo, lè Administratè Sekès la detèmine li t ap pridan pou ogmante Pousantaj Marewot la, selon estimasyon rezèv ki rezonab li fè yo epi nan objektif pou redui depans ki fèt pou distribisyon yo, li pral suiv yon pwosesis ki menm jan, sètadi li pral depoze yon avi sou Pousantaj Marewot ki revize a epi li pral afiche Pousantaj Marewot ki revize a sou sit Entènèt Sekès la. Administratè Sekès la pral depoze epi pibliye lis Revandikasyon Itilizatè ki Otorize ak lis Revandikasyon Gwoup Pratik Itilizatè ki Otorize ki revize yo detanzantan, ofiramezi Revandikasyon sa yo vin Otorize.

### **B. Lè distribisyon yo fèt ak apwobasyon yo**

Nenpòt lè apre Dat Antre Anvigè a, Administratè Sekès la ap otorize pou l distribye Byen ki anba Sekès yo detanzantan, selon dispozisyon ki nan Plan Distribisyon sa a, jan Administratè Sekès la detèmine sa apwopriye selon pwòp volonté li, san li pa bezwen jwenn okenn lòt apwobasyon nan men Tribunal la, depi li respekte lwa ki aplikab yo ak lòt òdonans ki aplikab Tribunal la te rann.

### **C. Fason distribisyon yo fèt**

Administratè Sekès la pral fè peman ki pou fèt anba Plan Distribisyon sa a sou fòm Kach, pa mwayen chèk, transfè ACH, PayPal, Venmo, Zelle oswa lòt metòd peman elektwonik Administratè Sekès la detèmine ki rezonab oswa ki nesesè selon sikontans yo.

Pou nenpòt envestisè ki pa bay Administratè Sekès la kowòdone 1 yo ak enfòmasyon peman 1 yo ki ajou atravè Pòtay Itilizatè a, Administratè Sekès la gendwa voye chèk yo nan dènye adrès li konnen pou envestisè sa a nan peyi Etazini an, depi Administratè Sekès la pa gen okenn rezon valab pou l panse envestisè sa a oswa reprezantan 1 lan pa nan adrès sa a ankò. Administratè Sekès la, selon pwòp volonté li, kapab pèmèt yon envestisè nome yon lòt moun pou resevwa distribisyon sa yo pou li, depi li bay Administratè Sekès la yon rezon valab pou sa.

Administratè Sekès la pa p gen obligasyon pou l voye chèk oswa okenn lòt fòm peman fizik bay envestisè ki pa nan peyi Etazini yo. Si yon envestisè ki pa nan peyi Etazini an pa kapab sèvi ak okenn nan

## PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024 SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN

metòd peman Administratè Sekès la otorize yo, Administratè Sekès la, selon pwòp volonte li, kapab sèvi ak yon lòt metòd peman pou envestisè sa a, byenke Administratè Sekès la pa gen obligasyon pou l fè eksepsyon sa a pou li.

### **D. Rezèv distribisyon**

Avan li fè nenpòt distribisyon pou Titilè Revandikasyon EminiFX ki Otorize yo, Administratè Sekès la dwe tabli kèk rezèv ki rezonab pou Byen ki anba Sekès ki rete yo apre distribisyon sa yo sifi pou (i) finanse depans pwofesyonèl, administratif, operasyonèl ak lòt depans li atann pou l fè pi devan yo pou jere Byen ki anba Sekès yo kòmsadwa epi pou tout Revandikasyon Administratif ki Otorize potansyèl yo (gwooup 1) ak tout Revandikasyon Fiskal ki Otorize yo (gwooup 2), epi pou (ii) asire li Administratè Sekès la respekte Plan Distribisyon sa a, san wete egzijans pou l fè distribisyon pou Titilè Revandikasyon EminiFX ki poko Revandikasyon ki Otorize men ki ka vin gen dwa pou yo jwenn distribisyon pi devan anba Plan Distribisyon sa a si Revandikasyon EminiFX sa yo vin Otorize.

### **E. Absans distribisyon ki obligatwa pou montan ki piti anpil yo**

Administratè Sekès la pa p gen obligasyon pou l fè okenn distribisyon pou yon Titilè yon Revandikasyon EminiFX ki Otorize si montan an mwens pase \$50.00 pou yon distribisyon pou yon Revandikasyon AminiFX ki Otorize.

### **F. Respè lwa ki aplikab yo**

Malgre nenpòt lòt dispozisyon nan dokiman sa a, Administratè Sekès la ap otorize pou l pran nenpòt mezi li konsidere ki nesesè, depi sa rezonab, pou asire respè lwa ki aplikab yo nan kad distribisyon ki sipoze fèt yo anba dokiman sa a. Pa egzanp, san limit, Administratè Sekès la ap gen dwa pou l (i) kenbe distribisyon li te sipoze peye bay yon Titilè yon Revandikasyon EminiFX ki Otorize jiskaske li resevwa enfòmasyon ki nesesè li te mande nan men Titilè sa a konsènan enpo li sipoze kenbe yo ak deklarasyon li sipoze fè yo<sup>8</sup>, (ii) kenbe yon distribisyon li te sipoze peye bay yon Titilè yon Revandikasyon EminiFX ki Otorize si li anba restriksyon ki soti nan lwa oswa reglemantasyon ki aplikab yo, tankou sa Biwo pou Kontwòl Byen Etranje yo ki fè pati Depatman Trezò Etazini an pwomilge yo, depi Administratè Sekès la resevwa yon avi ki fè l konnen restriksyon sa yo egziste selon pwosesis ki dekri anba a, epi (iii) mete sou pye nenpòt lòt mezi li panse ki rezonab ak apwopriye, selon sa ki dekri anwo a.

### **G. Distribisyon ki fèt pou lòt moun**

Administratè Sekès la ap gen dwa pou l kenbe distribisyon oswa pou l peye distribisyon pou lòt moun si li te sipoze peye distribisyon sa yo pou Titilè Revandikasyon EminiFX ki Otorize, lè sa nesesè pou onore oswa pou satisfè yon sezi sou salè, yon pansyon pou mari/madanm oswa pou timoun, oswa yon lòt jijman pou mari/madanm, yon gaj oswa yon chay, depi Administratè Sekès la resevwa yon avi ki fè l konnen restriksyon sa yo egziste selon pwosesis ki dekri anba a. Nenpòt montan Administratè Sekès la kenbe oswa peye bay lòt moun anba otorite sa a ki dekri anwo a ap konsidere kòm yon montan ki distribye pou Titilè ki konsène a oswa antanke yon montan Titilè ki konsène a resevwa nan kad Plan Distribisyon sa a.

---

<sup>8</sup> Sepandan, pou kounye a, Administratè Sekès la pa gen entansyon egzije pou Titilè Revandikasyon Itilizatè ki Otorize yo oswa Revandikasyon Gwooup Pratik Itilizatè ki Otorize yo bay nimewo idantifikasyon fiskal yo oswa lòt enfòmasyon ki gen rapò ak deklarasyon revni yo antanke kondisyon pou Titilè sa yo jwenn distribisyon, paske Titilè sa yo sipoze resevwa yon ranbousman pou yon pati sèlman nan depo total yo te fè a epi yo pa sipoze fè okenn benefis.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

Administratè Sekès la gendwa pibliye yon fòm ak lòt enstriksyon pou pèmèt lòt moun ki gen gaj oswa lòt dwa ka defann gaj sa yo oswa dwa sa yo. Nan kad enstriksyon sa yo, lòt moun sa yo ap gen obligasyon pou yo prezante kèk prèv ki valid ki kore gaj yo a oswa dwa yo a, epi lòt moun sa yo ka gen pou yo peye kèk frè oswa lòt depans ki pou fèt pou depoze epi pou jere gaj sa yo, nan nenpòt montan Administratè Sekès la konsidere ki rezonab, selon pwòp volonte li. Administratè Sekès la ap otorize pou l detèmine si prèv sa yo valid, selon pwòp volonte li, byenke nenpòt moun gendwa mande Tribunal sa a pran yon desizyon sou sa.

Epitou, Administratè Sekès la gendwa pibliye yon fòm ak lòt enstriksyon pou lòt moun ki benefisyè byen yon Titilè yon Revandikasyon Itilizatè ki mouri. Nan kad enstriksyon sa yo, lòt benefisyè sa yo ap gen obligasyon pou yo prezante kèk prèv ki valid ki montre Titilè a mouri e pou montre yo gen dwa pou yo resevwa distribisyon nan kad siksesyon Titilè ki mouri a. Administratè Sekès la ap otorize pou l detèmine si prèv sa yo valid, selon pwòp volonte li, byenke nenpòt moun gendwa mande Tribunal sa a pran yon desizyon sou sa.

Mete sou sa, Administratè Sekès la kapab fè yon distribisyon li dwe yon Titilè bay reprezantan Titilè sa a, si Titilè sa a mande l fè sa, depi Administratè Sekès la gen rezon valab pou l panse demann sa a fèt ak bònfw a epi li pa fèt pou Titilè a ka evite respekte seksyon sa a oswa lwa ki aplikab yo.

**H. Sa ki pou fèt ak byen pèsòn pa revandike yo**

Si (a) yo retounen yon distribisyon ki te fèt pou yon Titilè yon Revandikasyon EminiFX ki Otorize poutèt li pa t ka libre, oswa (b) Titilè yon Revandikasyon EminiFX ki Otorize pa reponn yon demann Administratè Sekès la fè l pou l jwenn enfòmasyon ki nesesè yo pou fè distribisyon an, okenn lòt distribisyon pa p fèt pou Titilè sa a, sof si epi apre Administratè Sekès la detèmine adrès Titilè sa a oswa li resevwa enfòmasyon ki nesesè yo pou fè distribisyon an. Nan moman sa a, li pral fè distribisyon sa a ak lòt distribisyon ki anreta yo pou Titilè sa a san enterè, dividand ni lòt montan anplis. Sepandan, distribisyon sa yo ap konsidere kèm byen pèsòn pa revandike nan dat Administratè Sekès la detèmine, selon pwòp volonte li, tout tantativ ki rezonab pou fè distribisyon sa yo gentan fèt, men nan tout ka anvan distribisyon final Byen ki anba Sekès yo. Apre sat sa a, y ap konsidere Titilè sa a renonse ak dwa li genyen yo pou jwenn distribisyon nan men Administratè Sekès la, epi tout byen oswa enterè nan byen ki pa revandike yo ap vin fè pati Byen ki anba Sekès ki disponib pou distribye yo bay lòt Titilè Revandikasyon EminiFX ki Otorize yo (malgre sa ki ekri nan nenpòt lòt lwa federal, pwovens oswa Eta ki aplikab pou byen ki pa gen eritye, ki abandone oswa ki pa revandike yo).

**ATIK VI.  
KOZ AKSYON POU ADMINISTRATÈ SEKÈS LA**

**A. Rezime metodoloji marewot la**

Administratè Sekès la rezève tout Koz Aksyon ki fè pati Byen ki anba Sekès yo, epi pa gen anyen nan Plan Distribisyon sa a ki ka konsidere kèm yon dispozisyon pou renonse ak Koz Aksyon sa yo oswa pou abandone yo.

**B. Revandikasyon potansyèl ak Koz Aksyon**

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

Administratè Sekès la kòmanse evalye plizyè Koz Aksyon potansyèl kont lòt moun pou mande yon rekouvreman afimatif ak/oswa yon rejè oswa yon sibòdinasyon nenpòt revandikasyon envestisè lòt moun sa yo ka genyen kont EminiFX. Si Administratè Sekès la itilize Koz Aksyon sa yo, kit li fè sa devan lajistis, kit li fè sa pa mwayen lèt demann, ak rezolisyon li jwenn pou Koz Aksyon sa yo kapab afekte ni kantite Revandikasyon ki vin Otorize e ki vin kalifye pou yon distribisyon anba Plan Distribisyon sa a, ni montan Revandikasyon sa yo.

Byenke Administratè Sekès la pa panse pral gen anpil aksyon lajistis kont envestisè nan EminiFX, li posib pou li mennen kèk envestisè nan EminiFX lajistis, pa egzanp si se inisyé yo ye, si yo te ede oswa yo te konplis nan konbin Ponzi a, oswa si yo te resevwa transfè pa mwayen fwod. Anvan li mennen nenpòt nan yo lajistis, Administratè Sekès la ap chèche rezoud Revandikayson yo san li pa bezwen ale lajistis.

Lè Administratè Sekès la detèmine pral gen yon aksyon lajistis k ap fèt pou yon Revandikasyon EminiFX an patikilye, Plan Distribisyon sa a prevwa pou Revandikasyon sa a pa Otorize (ni li pa kalifye pou okenn distribisyon), jan sa eslike nan atik IV.E. Yon aksyon lajistis pa p anpeche Administratè Sekès la fè yon premye distribisyon pou envestisè ki gen Revandikasyon ki gentan verifye yo e ki pa gen ni litij ni okenn aksyon lajistis potansyèl.

Si Administratè Sekès la jwenn kòb atravè yon aksyon lajistis, yon règleman oswa yon lòt fason, apre dat li depoze Plan Distribisyon sa a, oswa si lòt moun eseye distribye yon kòb yo jwenn nan yon aksyon lajistis atravè Sekès la, montan sa yo pral fè pati byen yo distribye bay Titilè yo, selon kondisyon ki nan Plan Distribisyon sa a, sof si Administratè Sekès la mande pou Tribinal la modifie Plan Distribisyon sa a an rapò ak distribisyon montan sa yo.

**C. Desizyon Administratè Sekès la ka pran konsènan Koz Aksyon yo**

Administratè Sekès la otorize e 1 ap toujou otorize pou 1 angaje, depoze, pousuiv, fè aplike, abandone, regle, fè konpwomi, libere, retire oswa mennen moun lajistis pou yon jijman ki gen rapò ak nenpòt Koz Aksyon EminiFX, epi pou l refize fè nenpòt nan aksyon ki mansyone anvan yo, san li pa bezwen ni konsantman ni apwobasyon yon lòt moun, san li pa bezwen fè Tribinal sa a konn sa ni san li pa bezwen jwenn yon aksyon, yon òdonans oswa yon apwobasyon nan men Tribinal sa a, depi li respekte òdonans sou machasuv siplemantè Tribinal sa a te rann (nimewo 91 nan lis dosye Tribinal la) epi li respekte atik VI.D pou sa ki gen rapò ak Ganyan Nèt yo.

**D. Tretman Ganyan Nèt yo resevwa**

Ganyan Nèt yo pa p resevwa okenn distribisyon anba Plan Distribisyon sa a, kit Administratè Sekès la angaje yon aksyon pou rejwenn kòb nan men Ganyan Nèt sa yo, kit li pa fè sa. Rezon ki fè sa se paske se metòd "marewot" la ki aplike pou kalkile distribisyon yo epi Ganyan Nèt yo, selon definisyon ekspressyon sa a, gentan resevwa plis pase montan yo te gen dwa pou yo resevwa yo sou envestisman total yo te fè a.

Administratè Sekès la anvizaje prezante Ganyan Nèt yo yon òf règleman epi pran angajman pou 1 pa mennen yo lajistis si yo retounen yon pati nan montan yo te resevwa yo. Si règleman sa a pa fèt, Administratè Sekès la gendwa angaje yon Koz Aksyon afimatif potansyèl kont Ganyan Nèt yo.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

**ATIK VII.  
KESYON FISKAL**

**A. Revandikasyon Fiskal ki fèt anvan Sekès la pou gwoup 2**

Administratè Sekès la ap aksepte pou administrasyon fiskal ameriken an (Internal Revenue Service, oswa "IRS") oswa pou Depatman Enpo ak Finans New York la depoze nenpòt Revandikasyon EminiFX pou enpo EminiFX, Inc. pa t peye yo anvan Sekès la, kèlkeswa dat ki fikse nan Machasuiv pou Revandikasyon yo, ki pa aplike pou Revandikasyon IRS yo. Nenpòt Revandikasyon IRS la depoze ap gen priyrite anba lwa ki aplikab yo, san wete Lwa Federal sou Priyrite a, anba tit 31 nan Kòd Etazini an, § 3713, depi Administratè Sekès la ak IRS la gen posiblite negosye montan ak priyrite Revandikasyon EminiFX sa yo. Administratè Sekès la ka fè distribisyon pou Revandikasyon gwoup 3 ak gwoup 3A yo, malgre sa Lwa Federal sou Priyrite a mande a, depi Administratè Sekès la fè rezèv ki nesesè yo.

**B. Revandikasyon Fiskal pou Fon Règleman Kalifye a ki fèt apre Sekès la pou gwoup 2**

Fon EminiFX QSF la gen ladan 1 byen siksesyon Sekès la. Li se yon òganizasyon enpozab ki separe. Administratè Sekès la te deja depoze deklarasyon revni pou Fon EminiFX QSF la epi li pral kontinye fè sa chak ane. Nenpòt enpo òganizasyon sa a dwe ap trete antanke yon Revandikasyon gwoup 2 ki bay dwa pou jwenn yon peman apati Byen ki anba Sekès yo lè deklarasyon revni sa yo depoze, san Tribunal la pa bezwen rann okenn òdonans pou sa.

**C. Keson fiskal pou envestisè yo**

Envestisè EminiFX yo sipoze resevwa yon total distribisyon ki mwens pase kontribisyon nèt chak envestisè te fè nan Sistèm EminiFX la. Se pou rezon sa a, envestisè EminiFX yo ta dwe konnen Administratè Sekès la pa panse li pral depoze okenn deklarasyon revni pou distribisyon ki fèt pou Revandikasyon gwoup 3 yo oswa pou Revandikasyon gwoup 3A yo, epi Administratè Sekès la pa panse li pral kenbe okenn enpo sou distribisyon sa yo. Tout Titilè Revandikasyon gwoup 3 ak Revandikasyon gwoup 3A yo responsab pou yo detèmine tretman fiskal yo vle aplike sou distribisyon yo resevwa yo. Administratè Sekès la pa kapab bay Titilè Revandikasyon EminiFX yo okenn konsèy fiskal. Titilè sa yo ta dwe konsilte pwòp konseye fiskal pa yo.

**ATIK VIII.  
DISPOZISYON DIVÈS**

**A. Konpetans Tribinal la**

Tribinal sa a gen konpetans esklizif pou 1 entèprete e pou 1 fè aplike Plan Distribisyon sa a, epi pou 1 pran desizyon sou tout sa ki soti nan oswa ki gen rapò ak Sekès la ak Plan Distribisyon an. Sa gen ladan 1 konpetans, pouvwa ak otorite pou:

1. Egzamine nenpòt chanjman oswa modifikasyon Administratè Sekès la mande pou Plan Distribisyon an.

2. Korije nenpòt defo oswa omision, oubyen ranje nenpòt bagay ki depaman nan Plan Distribisyon an oswa nan nenpòt òdonans Tribunal la te rann.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

3. Rann nenpòt òdonans pou facilite egzekisyon oswa aplikasyon Plan Distribisyon an, si sa nesesè ak apwopriye.

4. Tande epi pran desizyon sou nenpòt aksyon lajistis, Koz Aksyon ak kontwovès, pwosè ak litij ki ka parèt an rapò avèk entèpretasyon, egzekisyon oswa aplikasyon Plan Distribisyon sa a ak nenpòt règleman oswa konpwomi ki ladan 1.

5. Veye pou distribisyon yo fè pou Titilè Revandikasyon EminiFX ki Otorize yo fèt selon dispozisyon ki nan Plan Distribisyon sa a.

6. Tande epi pran desizyon sou tout objeksyon ak lòt litij ki gen rapò ak Revandikasyon EminiFX yo.

7. Pwoteje Byen ki anba Sekès yo kont demann ki kont yo oswa lòt antrav ki depaman ak Plan Distribisyon an, san wete rann enjonksyon oswa pran lòt mezi ki nesesè oswa ki apwopriye pou anpeche nenpòt moun antrave egzekisyon oswa aplikasyon Plan Distribisyon an.

8. Tande epi pran desizyon sou tout demann reminerasyon ak ranbousman ki fèt pou depans pwofesyonèl Administratè Sekès la anplwaye yo.

9. Tande epi pran desizyon sou efò Administratè Sekès la fè pou jwenn Byen ki anba Sekès yo, kèlkeswa kote yo ye a.

10. Tande epi pran desizyon sou tout aksyon lajistis, Koz Aksyon ak tout kontwovès, pwosè ak litij ki ka parèt an rapò ak nenpòt aksyon yon moun chèche pran kont Administratè Sekès la oswa pwofesyonè li anganje yo.

11. Rann yon Òdonans Final pou fèmen Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon sa a epi dechaje Administratè Sekès la anba responsablite l yo.

12. Tande epi pran desizyon sou tout lòt kesyon oswa tout lòt bagay ki nesesè pou Plan Distribisyon sa a atenn objektif li.

**B. Dat Plan Distribisyon an antre anvigè**

Plan Distribisyon sa a ap antre anvigè nan Dat Antre Anvigè a. Nan Dat Antre Anvigè a oswa annapre, Administratè Sekès la, selon pwòp volonte li, kapab kòmanse fè distribisyon pou Titilè Revandikasyon EminiFX ki Otorize yo.

**C. Efè egzekitwa Plan Distribisyon an**

Nan Dat Antre Anvigè a epi annapre, dispozisyon ki nan Plan Distribisyon sa a ap egzekitwa e y ap konsidere kòm egzekitwa pou chak Titilè yon Revandikasyon EminiFX, san wete siksesè li yo, eritye li yo, reprezantan legal li yo ak sesyonè li yo.

**D. Enjonksyon**

Sof si gen lòt dispozisyon nan Plan Distribisyon sa a oswa nan nenpòt lòt dokiman, enstriman, degajman responsablite oswa lòt akò yo te pase an rapò ak Plan Distribisyon sa a oswa yo te apwouve pa

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

mwayen yon òdonans Tribunal la, tout Moun ki te genyen, ki genyen oswa ki kapab genyen Revandikasyon EminiFX yo gen entèdiksyon pou fè youn nan aksyon sa yo kont Byen ki anba Sekès la:

1. angaje oswa kontinye, kèlkeswa fason an oswa kote a, nenpòt aksyon oswa pwosedi pou fè aplike, pou sezi, pou ranmase oswa pou rekouvre nenpòt jijman, desizyon, dekrè oswa òdonans;
2. kreye, depoze oswa fè aplike yon gaj oswa yon chay;
3. mande yon konpansasyon oswa yon dwa sibrogasyon, kèlkeswa sa li ye a, kont nenpòt dèt, responsabilite oswa obligasyon yo dwe Administratè Sekès la nan fonksyon l yo;
4. angaje oswa kontinye, kèlkeswa fason an oswa kote a, nenpòt aksyon ki pa respekte oswa ki depaman ak dispozisyon ki nan Plan Distribisyone sa a, byenke pa gen anyen nan dokiman sa a ki ka anpeche okenn moun oswa òganizasyon egzèswa dwa l yo, depi li respekte kondisyon ki nan Plan Distribisyone sa a ak nan kontra, enstriman, degajman responsabilite, akò ant de moun ak lòt akò oswa dokiman ki siyen anba oswa an rapò ak Plan Distribisyone an, oswa depi Tribunal la apwouve yo pa mwayen yon òdonans; epi
5. fè lòt aksyon ki entèdi nan paragraf 55 ak 56 nan Òdonans Enjonksyon Preliminè pou Sekès la.

**E. Efè Òdonans Enjonksyon Preliminè pou Sekès la ap kontinye genyen**

Òdonans Enjonksyon Preliminè pou Sekès la ap rete anvigè epi l ap kontinye fè efè jiskaske Tribunal la rann yon òdonans pou fèmen Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglementasyon yo, sof si Tribunal la rann yon òdonans pou ranplase l, depi pa gen okenn dispozisyon nan Plan Distribisyone sa a ki ranplase l oswa depi li pa depaman nèt ak dispozisyon ki nan Plan Distribisyone sa a.

**F. Divizibilite**

Si Tribunal la detèmine nenpòt nan kondisyon oswa nan dispozisyon ki nan Plan Distribisyone sa a pa valid, nil oswa pa aplikab, Tribunal la ap gen pouvwa pou l modifye epi pou l entèprete kondisyon sa a oswa dispozisyon sa a yon fason pou fè l valid oswa aplikab nan tout mezi sa kapab fêt, depi li pa depaman avèk objektif kondisyon oswa disposisyon li jiye ki pa valid, nil oswa pa aplikab la, epi kondisyon sa a oswa dispozisyon sa a ap vin aplikab sou nouvo fòm li modifye a oswa sou nouvo fòm li entèprete a. Si Tribunal la pran yon desizyon pou li modifye oswa pou li entèprete yon kondisyon oswa yon dispozisyon yon lòt fason, rès kondisyon ak dispozisyon yo ki nan Plan Distribisyone sa a ap rete anvigè epi yo pa p ni afekte, ni antrave ni pa valid poutèt Tribunal la te pran desizyon pou l modifye oswa pou l entèprete yon kondisyon oswa yon dispozisyon yon lòt fason.

**G. Disolisyon EminiFX**

Nan kad Plan Distribisyone sa a, lè Administratè Sekès la fin administre Byen ki anba Sekès yo oswa lè li prèske fin fè sa, EminiFX pral disous. Nan kad disolisyon sa a, Administratè Sekès la pral depoze estati disolisyon si sa nesesè, li pral respekte lwa Eta,lwa lokal ak machasuiv ki aplikab pou disolisyon òganizasyon yo, epi li pral depoze dènye deklarasyon revni yo.

**H. Rapò pou Tribunal la ak revandikatè yo**

## PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024 SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN

Administratè Sekès la pral ekri epi depoze yon rapò bay Tribunal sa a, omwen yon fwa chak ane, konsènan pwogrè ki fêt yo nan aplikasyon Plan Distribisyon sa a. Administratè Sekès la pral pibliye yon kopi rapò li te ekri a sou sit Entènèt Sekès la (<https://www.eminifxreceivership.com/>) pou revandikatè yo ka konsilte li. L ap kapab fè sa ansanm ak rapò sou sitiyasyon li voye chak ane oswa chak twa mwa yo.

### I. Modifikasyon ki fêt nan Plan Distribisyon an

Administratè Sekès la rezève dwa 1 yo pou 1 pote chanjman oswa fè modifikasyon nan Plan Distribisyon sa a, youn oswa plizyè fwa, apre Tribunal sa a fin apwouve l, depi Administratè Sekès la panse chanjman sa a oswa modifikasyon sa a pa modifye Plan Distribisyon an yon fason ki enpòtan, epi, si sa nesesè, li kapab mande apwobasyon Tribunal la pou pote yon chanjman oswa pou fè yon modifikasyon nan Plan Distribisyon sa a, pou korije nenpòt defo oswa omisyon, oswa pou 1 ranje nenpòt bagay ki depaman nan Plan Distribisyon sa a, jan sa nesesè pou reyalizasyon objektif ak entansyon Plan Distribisyon sa a. Epitou, Administratè Sekès la pral pibliye nenpòt modifikasyon li pote nan Plan Distribisyon an avèk yon liy wouj sou sit Entènèt Sekès la, epi li pral fè Tribunal la konn sa nan pwochen rapò sitiyasyon li depoze kòmsadwa.

### J. Notifikasiyon

An jeneral, Administratè Sekès la pral bay Itilizatè yo enfòmasyon atravè Pòtay Itilizatè a epi pa mwayen imèl, ki se metòd komunikasyon ki prefere yo. Pou komunikasyon ki fêt atravè Pòtay Itilizatè a, **okenn avi siplemantè pa p nesesè**. Sepandan, tout lòt avi, demann ak komunikasyon ki pou Administratè Sekès la oswa ki soti nan li yo ap valid si yo voye yo alekri nan kowòdone sa yo:

David A. Castleman, Receiver  
EminiFX Distributions c/o Stretto  
410 Exchange, Suite 100  
Irvine, CA 92602  
[EminiFX@stretto.com](mailto:EminiFX@stretto.com)

### K. Aplikasyon pou jwenn yon òdonans pou fèmen Sekès la

Lè Administratè Sekès la fin administre Byen ki anba Sekès yo, Administratè Sekès la ka depoze yon aplikasyon bay Tribunal sa a pou 1 rann yon òdonans pou kanpe nominasyon li antanke Administratè Sekès, pou fèmen Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo epi pou fèmen Sekès la. Aplikasyon sa a dwe mache avèk (a) yon kont-randi final ki idantifye (i) tout Byen ki anba Sekès yo, sous yo ak valè yo; ak (ii) tout responsabilite yo, kalite yo ak montan Revandikasyon yo; ak (iii) yon pwopozisyon sou sa ki pou fêt ak Byen ki anba Sekès ki toujou rete yo.

Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo

### L. Konsèvasyon dosye yo

Administratè Sekès la pral kenbe tout dosye ak dokiman ki enpòtan yo ki gen rapò avèk nominasyon li antanke Administratè Sekès pou yon peryòd 1 ane apre dat Tribunal la rann yon òdonans pou fèmen Aksyon CFTC a Angaje pou Aplike Reglemantasyon yo.

**PLAN ADMINISTRATÈ SEKÈS LA PWOPPOZE 9 OUT 2024  
SI TRIBINAL LA APWOUVE L SÈLMAN**

Dat: New York, New York

9 out 2024

Salitasyon,

[siyati]

David A. Castleman  
OTTERBOURG P.C.  
230 Park Avenue  
New York, NY 10169  
Tel: (212) 661-9100  
*Administratè Sekès*

Jennifer S. Feeney  
William M. Moran  
James V. Drew  
OTTERBOURG P.C.  
230 Park Avenue  
New York, NY 10169  
Tel: (212) 661-9100  
*Avoka pou Administratè Sekès la*